ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№82 (24.676) ● 2024 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 9, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапіэм къызэритамкІэ

Гушхуэныгъэ къытхилъхьащ

Москва и ВДНХ-м щекІуэкІа, «Урысей» дунейпсо гъэлъэгъуэныгъэ-форумым и утыку итахэр щагъэлъапІэ зэхьыхьэм КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек хэтащ. Гъэлъэгъуэныгъэм и фэеплъ тыгъэхэр щыналъхэзм я лІыкІуэхэм яритащ Урысей Федерацэм и Президентым и Администрацэм и Унафэщ Іым и Ялэ къуэдзэ Кириенкэ Сергей.

ФОРУМЫР 2023 гъэм щэкІуэгъуэм и 4-м, Цыхубэ зэкъуэтыныгъэм и махуэм, къызэІуахащ. Ар зэрылажьа мазийм къуриубыдэу ВДНХ-м щыІащ ди къэралым и цІыху, абы и хьэщІэ мелуан пщІы бжыгъэхэр. Дэтхэнэ щІыналъэми Іэмал иІащ абы и утыкум я ехъулІэныгъэхэр щагъэлъэгъуэну.

Абы теухуауе иеплъыкІэр кьигъэлъэгъуащ КІуэкІуэ Казбек: «И зэхэлъыкІэкІи къызэщІиубыдэ Іэхущ Іи лъэщу къызэрагъэпэща мы проектыр куэдым ягу зэрыдыхьар тлъэгъуащ, и гъэщІегъуэнагъым удихьэхырт, гушхуэныгъэ къыпхилъхьрт.

Фигу кьэзгъэкІыжьинщи, дыгъэгъазэ мазэм «Урысей» гъэлъэгъуэныгъэм «Къэбэрдей-Балъкъэрым щІыхьэм я гур кьэхьэху» къыхуеджэныгъэм щІэту республикэм и махуэр щекІуэкІащ. Дэ дытепсэлъыхьащ щІыналъэм и агропромышленнэ комплексым, Іуащхьэмахуэ льапІэрэ Налшык и курортхэмрэ, ди лъэпкъ хабзэхэм, щэнхабзэ щІэнием. Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуэ пажэхэу Кулиев Къайсынрэ Темыркъан Юрэрэ я цІэхэр щыІуащ, зыкъыщагъэлъэгъуащ «Кабардинка», «Балкария», «Терские казаки» къэфакІуэ гуп цІэрыІуэхэм, республикэм и щІалэгъуалэм.

Мыхьэнэшхуэ иІэщ гъэлъэгъуэныгъэм и кІэух зэІущІэхэр ди Президент Путин Владимир и псалъэхэу «Урысейр зыщІыпІэ дежи щиухыркъым» фІэщыгъэм щІэту зэрекІуэкІыр. ИпэжыпІэкІи ахуэдэущ зэрыщыІэ.

Гъэлъэгъуэныгъэр зэрыщыІа зэманым къриубыдэу ди къэралым теухуа щІэщыгъуэ куэд къатщІэрт, и зэфІэкІыр здынэсыр дгъэщІагъуэрт. ЩІыналъэхэр лэжьыгъэ и пІалъэкІэ дызэхъуажэрт, зэгъусэу проектхэр зэрызэдэтщІэнумкІэ зэгурыІуэныгъэхэр зэтщІылІэрт.

Щхьэпагъэшхуэ иІэщ а Іэхум адэкІи къызэрыпащнум – Путин Владимир Іэ щІидзащ «Урысей Федерацэм и ехъулІэныгъэр гъэлъэгъуэн, къэралымкІэ яІэ гушхуэныгъэм хэхъуэн, сабийхэмрэ щІалэгъуалэмрэ я щІэныгъэм, Іэзагъэм зегъэужьын, «Урысей» дунейпсо гъэлъэгъуэныгъэ-форумым и щІэныр хьумэн папщІэ «Урысей» лъэпкъ центр къызэІухыным теухуауэ» унафэм.

Щэч кьытесхьэркъым «Урысей» гъэлъэгъуэныгъэм лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэ куэд щыпсэу ди къэралышхуэр нэхъри зэрызэкъуигъэувам, а зэкъуэтыныгъэр тлъытэфу, тхъумэфу, зыр адрейм дэІэпыкъуэгъу дыхуэхьужу, псоми ди зэхуэдэ ди текІуэныгъэм дыщыгуфІыкІыу дызэрыригъэсам».

Жылагъуэм и лъабжьэ быдэ

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек республикэм щыпсэухэм екъуэхъуащ Унагъуэм, лъагъуныгъэм, зэхуэпэжныныгъэм я махуэмкІэ:

«Нобэ Урысейм щагъэлъапІэ псэ хуабагъэкІэ, унагъуэ жьэгум и нэхкІэ, благъэмрэ Іыхьлымрэ я гулъытэкІэ гъэнщІа махуэщхуэр - Унагъуэм, лъагъуныгъэм, зэхуэпэжныныгъэм я махуэр.

Унагъуэм и илъэсым, ди Президент Путин Владимир и жэрдэмкІэ ягъэувам, а махуэм и мыхьэнэр нэхъ щІегъэхуабжэ.

Унагъэр, псом хуэмыдэу бынунагъэщхуэр - ар къэкІуэнум и лъабжьащ. Хэкум, лъэпкъым, къэралым хуиІэн хуей лъагъуныгъэмрэ пэжныныгъэмрэ щІэблэм хуэзыхьумэри хэзыгъэхьэри унагъуэрщ. КъызыхэкІа лъэпкъым, щыпсэу къэралым и щэнхабзэхэр унагъуэм щалъытэмэ, пщІэ щыхуащІмэ, сабийхэри а щапхъэм тетынущ икІи и нэхъыжьхэм я хабзэ дахэхэр ипэкІэ ягъэкІуэтэнущ, гупсысэ пхэнжэм пэщІэтыщІынущ, жылагъуэр хъэзыгъэтІэсхъэну хуейкэм зыкъэрагъэгъэсэпэныкъым.

Унагъуэр, анагъэр, сабиигъуэр хьумэныр, жьэгум дэлъ лъапІэныгъэхэр лъытэнрыщ Урысей къэралыгъуэм и социальнэ политикэм и унэтІныныгъэ нэхъыщхьэр, абы яГуэт дэІэпыкъуныгъэм хуэдэ дунейм и нэгъуэщІ щІыпІи щыхуащІэркъым.

Урысейм, Кавказ Ищхьэрэм лъабжьэ быдэ зиІэ унагъэушхуэкр щопсэу - аращ жылагъуэм и лъапІэныгъэ нэхъыщхьэр, къэралым и лъабжьэр.

Си лъахэгъу лъапІэхэ! Сигуми си псэми къабгъэдэкІыу сынывохъуэхъу дэтхэнэ зы унагъуэми зэІуэпэщыгъэ, лъагъуныгъэ, зэгурыІуэныгъэ илъыну, насыпыфІэу илъэс куэдкІэ фыпсэуну!»

КупщІафІэрэ щхьэпэу

Унагъуэм, лъагъуныгъэм, зэхуэпэжныныгъэм я махуэм ирихьэлІэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым «Небо-5642» зэхьыхьэшхуэр къыщыщызэрагъэпэщащ.

МАХУИЩКІЭ (бадзэуэгъуэм и 5-м къыщыщІэдзауэ и 7 пщІондэ) екІуэкІа Іуэхугъуэм хэтахэм Іэмал яІащ зэрыльатэ шархэм ицу заплъыхьыну, картинг зэпеуэжьм хэтыну. Апхуэдэуи хьэщІэхэм папщІэ мастер-класс гъэщІэгъуэнхэр къызэрагъэпэщащ, фІыуэ ялъэгъуа уэрэдыкІакІуэхэм едэІуащ, сабийхэм я нэгу зрагъэужьыныр ящыгъупщащ. КЪБР-м ЩІалэгъуалэм я ІуэхущхьэмкІэ и министерствэм къызэригъэпэща фестивалыр щекІуэкІащ «Джэдыкъуэ» зыгъэпсэхуліэм.

Мы Іуэхум хьихьэу къызэщІакъуэжащ «УнагъуэщІэ нэхъыкфІ» щІыналъэ зэпеуэм и кІэухыр. Зэхьэзэхуэм щытекІуэхэм екъуэхъуащ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ – министр КъуэшырокІуэ Залым: «Си гуапэщ ди республикэм щекІуэкІ зэхьыхьэшхуэм Дагъыстэнэм, Ингушым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Осетие Ищхьэрэм, Краснодар, Ставрополь щІыналъэхэм щыщхэми зыкъызэрыгъэхьэлІар. Ди къэралым щыпсэу лъэпкъхэм я дежкІэ унагъуэ хабзэхэр лъапІэ дыдэщ икІи ахэр я щІэблэм зэрыбгъэдалъхьэнум мыхьэнэшхуэ ират. Сыщогугъ мыпхуэдэ Іуэхугъуэ дахэхэм хуэдэхэм лъэпкъ зэпыщІэныгъэхэр нэхъ быдэ ящыну».

Бадзэуэгъуэм и 5-м, дыгъэр къухьа нэужь, Кыщтэк къуажэм аэростат 10 зэгъусэу щагъэльэтащ. Апхуэдэ Іуэхугъуэ гукъинэжкІэ республикэм щыпсэуэхэмрэ абы и хьэщІэхэмрэ яхуэупсар Ставрополь щІыналъэм Хьэуам къыщыщызыльэтыхьхэм я федерацэм и лЫыкІуэхэрщ.

- ПщІэрэ щІыхьрэ зиІэ фи щІыналъэ дахэм иджы я ляэу дыкъэкІуэуа аращ. Нобэ мыбдеж къыщызэхуэтшэсащ Урысейм и щІыпІэ зэмылІэужьыгъуэхэм къикІа экипажи 10. Дэ дызыхэтыр спортщ, ауэ спорт нэхъ дахэ дыдэхэм ар ящыщщ. Апхуэдэ дахагъэкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэуэхэми дадэгугъэшэну тфІэфІу дикъьеблэгъащ. Шарышхуэм уафэм зэрызыщиІэтыр зэ нэхъ мыхъуми дэтхэнэми и нэкІэ ильагъун хуейуэ къызолъытэ, - жиІащ аэростатым и пилот, УФ-м Хьэуам къыщызыльэтыхьхэм я федерацэм и лЫыкІуэ Предыбайло Владислав.

«Небо - 5642» фестивалым епхуэу лъэпкъ щэнхабзэхэм теухуа «Этнофест - 2024» зэхьыхьэри къызэІуахащ. Абы хэтащ Кавказ Ищхьэрэм и щІыналъэхэм унагъуэрэ къикІахэр. Абыхэм ягъэлъэгъуэнут кьадекІуэкІ хабзэхэмрэ я щэнхабзэмрэ.

- Сэ мы зэхьыхьэм си унагъуэшхуэр си гъусэу сыкъэкІуащ. КЪБР-м ЩІалэгъуалэм я ІуэхущхьэмкІэ и министерствэм и Іэкъкъэ Іуэхум фІыщІэ яхуэощ, мыпхуэдизу унагъуэ дахэ зэрызэхуишэсфыщ папщІэ. Унагъуэ Іэпапэныгъэхэр хьумэ хъунымкІэ ар щапхъэфІщ. Псоми сохъуэхъу Унагъуэм, лъагъуныгъэм, зэхуэпэжныныгъэм и махуэмкІэ, - жиІащ Ингушэ Республикэм щІалэгъуалэм я ІуэхущхьэмкІэ и министр Мальсагов Іэдэм.

И Іуэху еплъыкІэр кьигъэлъэгъуащ Дагъыстэным щІыхь зиІэ и артист Бектимиров Ильяси. Абы зэрыжиІэмкІэ, лъэпкъ зэгурыІуэныгъэ щІэныкІэ апхуэдэ Іуэхуэм мыхьэнэшхуэ яІэщ.

Зэхьыхьэм къырихьэлІаэр хэтащ лъэпкъ зэныбжьэгъуныгъэм, унагъуэ хабзэхэр хьумэным хэгъэзауэ «1 КЪБР» телеканалым трих «Кунацкая» Іуэхум.

Махуищым КъурыІуэдзу екІуэкІа зэхьыхьэр икьуІэ купщІафІэт икІи щхьэпэт.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Зыужьныгъэм и илъэси 100 гъуэгуанэ

Гъунэгъу республикэхэу Осетие Ищхьэрэ - Аланиемрэ Ингушымрэ я унафэщІхэмрэ щІыхубэмрэ автономие зэрагъуэтрэ илъэси 100 зэрырикъуамкІэ екъуэхъуащ КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек.

БАДЗЭУЭГЪУЭМ и 6-м Осетие Ищхьэрэ - Аланиер, 7-м – Ингушыр республикэр къызэрыунэхурэ илъэси 100 ирикъуащ.

«Осетин лъэпкъым Урысейм хэту автономие зэригъуэтам абы щыпсэу щІыхубэм я гъащІэр фІыкІэ ихъуэжащ, - дыкъышоджэ КЪБР-м и Іэтащхьэм Осетие Ищхьэрэ - Алание Республикэм и Унафэщ І Меняйлэ Сергей зыщІыхуигъэзэа хъуэхъум. - Лъэпкъым къыдекІуэкІ псэукІэ хабзэмрэ и щэнхабзэм и хъугъуэфІыгъуэхэмрэ хъума хъуащ абы и фІыгъэкІэ. Илъэси 100 блэкІам Осетие Ищхьэрэм и экономикэр ипэкІэ бэкъуащ, цІыхубэ гъащІэри экономикри ефІакІуэу. Нобэ дыдэрэгъ щытыкІэ гугъум щхьэкІи къэмынэу, УФ-м и Президент Путин Владимир къызэрыдэІэпыкъу зэпытри хэту, Осетием щІэгъэхуэбжьауэ ухуэныгъэщІэхэр щыдращІей, гъуэгущІэхэр щыкІуэцІраш, къуажэхэмрэ къалэхэмрэ зэІуэзэпэщ щащІ, псэукІэр щофІакІуэ, туризмэм, мэкъумэшым, егъэджэныгъэм, медицинэм зыщеужь.

Дэ ди фІэщу дыщогугфІыкІ Гъунэгъу республикэм и ехъулІэныгъэхэм. ЗэкъуэшныгъэкІэ зэпха ди цІыхухэм я зэпыщІэныгъэхэр нэхъ быдэж хъууэ къокІуэкІ. Осетие Ищхьэрэ - Аланием щыпсэухэм гурэ псэкІэ сохъуэхъу, узыншагъэ, фІыгъуэ, гуфІэгъуэ я илъэси 100 махуэшхуэм къахудэкІуэну си гуапэщ».

Ингушэ Республикэм и Іэтащхьэ Калиматов Мэхьмуд-Алийрэ щІыналъэм щыпсэу цІыхубэмрэ щехъуэхъум, КІуэкІуэ Казбек жиІащ: «И къэкІуэну махуэм фІыкІэ узыщІгъэгъуну, щыпсэу гъащІэмрэ щІыналъэм и экономикэмрэ ехъулІэныгъэхэр къыщигъэлъагъуэ, и хабзэмрэ псэукІэ хьэлымрэ ихьумэжауэ хуэзащ республикэр и илъэси 100-м. ЩІыналъэм щыпсэухэр я къару емыблэжу зэрылажьэм, УФ-м и Президент Путин Владимир закъыщІигъакъуэ зэпыту зэрыщІытым и фІыгъэкІэ, Ингушэ Республикэм къикІуэт имыщІэу къэкІуэну махуэм хуеунэтІ, и пащхьэ иригъэувэжа къалэнхэр жыдэжру игъэзащІэу. Узыншагъэр хьумэным пыщІа Іуэхущ Іапіэхэр, зэгъэныгъэр щрагъэфІакІуэ еджапІэхэр, Іуэгуэщ Іэхэр щауХуэ, туризмэмрэ мэкъумэшымрэ зезыгъэужь Іуэхуфіэхэр щызэфІах Ингушым, дэтхэнэ зы жэрдэмми цІыхухэм я псэукІэр нэхъыфІ ищІу. Щэч кьытесхьэркъым я Хэкум хуаІэ лъагъуныгъэмрэ гъащІэм хуаІэ бгъэдыхьэкІэ псэемыблэжымрэ я фІыгъэкІэ щІыналъэр ефІакІуэу зэпыту зэрыщытынум. Ди къуэш республикэм щыпсэухэм сигуми си псэми къабгъэдэкІыу сохъуэхъу Ингушэ Республикэмрэ Урысеймрэ яфІ зыхъэпІ Іуэху дахэхэр кьехъулІэу псэуну».

Къапщытэж икІи зочэнджэщ

Жылагъуэ советым хэтхэм лэжьыгъэшхуэ ягъэзащІэ Парламентыр нэгъуэщІ жылагъуэ зэгуэхэныгъэхэм япыщІауэ щытыныжмкІи.

Нобэрей ди зэІущІмкІэ советым и 6-нэ зэхуэшэсыгъуэм и лэжьыгъэр зэхудощІыж. ФІыщІэ яхуэощ ди лэжьыгъэм купщІэ иІэн папщІэ ди жэрдэмхэр къыддэзыІыгъэ депутатхэм, ди зы зэІущІи гулъытэншэу къэзымыгъэна Егоровэ Татьянэ, - жиІащ Беч еловым.

Парламентым и лэжьыгъэр зытет мардэм теухуауэ зэІущІэмкІэ къыщыщІэсэлъащ КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ **Егоровэ Татьянэ**.

- Илъэс 30-м къриубыдэу КЪБР-м и Парламентым хэлъхьэныгъэ ин хуищІащ ди къэралым и зыужьныгъэм. Нэхъыщхьэраци, къэралымрэ цІыхубэмрэ зэпыщІауэ щытыным егугъащ. Пэжщ, сыт хуэдэ зэманми езым и гугъуехьхэр иІэжщ. ИтІани, пщІэ лей яхуэфащэщ Парламентыр къыщыунэхуагъащІэм и лэжьыгъэр зэтезыублахэм, япэ лъэбакъуэхэр зычахэм. Абыхэм ипэ дыдэм щегъэжьауэ зэхуэсыгъуэм и комиссэхэри абы щыгъэзащІ къыщыцІунэхуар. Совет ым и 6-нэ зэхуэсыгъуэм зэІущІэ 13 иригъэкІуэкІати, абыхэм щызэпкърахащ Іуэхугъуэ 22-рэ. ЗэІущІэхэм жыдэжру хэтащ Парламентым и комитетхэр.

Жылагъуэ советыр зытет хабзэхэмрэ мардэхэмрэ, и зэхэтыкІэм теухуа хъыбар итщ и интернет напэкІуэцІым. Абы мыхьэнэшхуэ иІэу си гугъэщ ди лэжьыгъэр цІыхухэм я дежкІэ гурыІуэгъуэу щытыныжмкІэ, дзыхь къытхуащІыныжмкІэ. ЦІыхубэр зыгъэпсІейтей Іуэхугъэрщ ди зэІущІэхэм дызыщытепсэлъыхьыр. Куэд къопсалъэ, зыкъытхуагъаэз зыгъэпсІейтейхэм теухуауэ.

Жылагъуэ советым хэтхэм лэжьыгъэшхуэ ягъэзащІэ Парламентыр нэгъуэщІ жылагъуэ зэгуэхэныгъэхэм япыщІауэ щытыныжмкІи.

Нобэрей ди зэІущІмкІэ совет ым и 6-нэ зэхуэшэсыгъуэм и лэжьыгъэр зэхудощІыж. ФІыщІэ яхуэощ ди лэжьыгъэм купщІэ иІэн папщІэ ди жэрдэмхэр къыддэзыІыгъэ депутатхэм, ди зы зэІущІи гулъытэншэу къэзымыгъэна Егоровэ Татьянэ, - жиІащ Беч еловым.

Парламентым и лэжьыгъэр зытет мардэм теухуауэ зэІущІэмкІэ къыщыцІунэхуар. Абы щыгъэзащІ совет ым и комиссэхэри абы щыгъэзащІ къыщыцІунэхуар. Совет ым и 6-нэ зэхуэсыгъуэм зэІущІэ 13 иригъэкІуэкІати, абыхэм щызэпкърахащ Іуэхугъуэ 22-рэ. ЗэІущІэхэм жыдэжру хэтащ Парламентым и комитетхэр.

Жылагъуэ советыр зытет хабзэхэмрэ мардэхэмрэ, и зэхэтыкІэм теухуа хъыбар итщ и интернет напэкІуэцІым. Абы мыхьэнэшхуэ иІэу си гугъэщ ди лэжьыгъэр цІыхухэм я дежкІэ гурыІуэгъуэу щытыныжмкІэ, дзыхь къытхуащІыныжмкІэ. ЦІыхубэр зыгъэпсІейтей Іуэхугъэрщ ди зэІущІэхэм дызыщытепсэлъыхьыр. Куэд къопсалъэ, зыкъытхуагъаэз зыгъэпсІейтейхэм теухуауэ.

Абы щыгъэзащІ къыщыцІунэхуар. Совет ым и 6-нэ зэхуэсыгъуэм зэІущІэ 13 иригъэкІуэкІати, абыхэм щызэпкърахащ Іуэхугъуэ 22-рэ. ЗэІущІэхэм жыдэжру хэтащ Парламентым и комитетхэр.

Жылагъуэ советыр зытет хабзэхэмрэ мардэхэмрэ, и зэхэтыкІэм теухуа хъыбар итщ и интернет напэкІуэцІым. Абы мыхьэнэшхуэ иІэу си гугъэщ ди лэжьыгъэр цІыхухэм я дежкІэ гурыІуэгъуэу щытыныжмкІэ, дзыхь къытхуащІыныжмкІэ. ЦІыхубэр зыгъэпсІейтей Іуэхугъэрщ ди зэІущІэхэм дызыщытепсэлъыхьыр. Куэд къопсалъэ, зыкъытхуагъаэз зыгъэпсІейтейхэм теухуауэ.

КЪБР-м и Парламентым и Жылагъуэ советым и зэІущІэ екІуэкІащ.

Абы и унафэщІ Бечелов Ильяс тепсэлъыхьащ яхуэфІэкІамрэ гу зылъытапхъэхэмрэ.

- 2005-2018 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щылэжьащ Парламентым и Унафэщым и деж щыІэ Жылагъуэ совет. Абы зэІущІэ 23-рэ иригъэкІуэкІащ цІыхухэм я псэукІэр егъэфІэкІуэным, узыншагъэм, егъэджэныгъэм, экономикэм, щІыуэпсым и хъугъуэфІыгъуэхэр хьумэным, нэгъуэщІ Іуэхугъуэхэми теухуауэ. Совет ым чэнджэщхэр яритыфырт Парламентым и комитетхэм, щІыпІэ самоуправленэхэм, нэгъуэщІ къэралІуэхущ Іапіэ щхьэхуэхэми.

2016 гъэм мэлыжьыхьым и 19-м КЪБР-м унафэ къыщыдэкІащ жылагъуэ кІэпъыпІыныгъэм теухуауэ. Абы щыгъуэ КЪБР-м и Парламентым деж Жылагъуэ совет кьыщыуэнэхущ. Ар зытетыпхъэ мардэхэр Парламентым игъэбелджылащ 2018 гъэм мазаем и 22-м. Жылагъуэ советым и ягъэ гупыр щІыху 30 хъуэ кьыхахащ 2018 гъэм накьыгъэм и 24-м. Жылагъуэ советым и 5-нэ зэхуэсыгъуэм и пІалъэр иухащ 2019 гъэм и фокІадэм. 6-нэ зэхуэсыгъуэм и гупыр зэхашащ щІыху 32-рэ хъуэ. Экономикэмрэ щІыхуэм я псэукІэр егъэфІэкІуэнымкІэ советым и комиссэхэри абы щыгъэзащІ къыщыцІунэхуар. Совет ым и 6-нэ зэхуэсыгъуэм зэІущІэ 13 иригъэкІуэкІати, абыхэм щызэпкърахащ Іуэхугъуэ 22-рэ. ЗэІущІэхэм жыдэжру хэтащ Парламентым и комитетхэр.

Жылагъуэ советыр зытет хабзэхэмрэ мардэхэмрэ, и зэхэтыкІэм теухуа хъыбар итщ и интернет напэкІуэцІым. Абы мыхьэнэшхуэ иІэу си гугъэщ ди лэжьыгъэр цІыхухэм я дежкІэ гурыІуэгъуэу щытыныжмкІэ, дзыхь къытхуащІыныжмкІэ. ЦІыхубэр зыгъэпсІейтей Іуэхугъэрщ ди зэІущІэхэм дызыщытепсэлъыхьыр. Куэд къопсалъэ, зыкъытхуагъаэз зыгъэпсІейтейхэм теухуауэ.

Хабзэубзыху лэжьыгъэм ди щыпэрыткІэ, дэ къэтлъытэр а хабзэ къатщтхэм я бжыгъэракъым, атІэ я фІагъыр. Ди хабзэубзыху лъабжьэм и лъащагъыр мызэ-мытІэу кьыхихъэщащ, щыхуащІ. Ди пІэм диткъым, щІыхуэхэр я псэукІэр зэредгъэфІэкІуэну Іэмалхэм зедгъэубгъуу долажьэ. Льэпкъ проектхэр гъэзэщІа хъуным дыкІэлъэпплъу, республикэм и къалэхэмрэ къуажэхэмрэ докІуэ, районхэм щыІэ ухуэныгъэщІэхэм, гъэгугъэм я щытыкІэхэм дыкІэлъоплъ. ЦІыхухэм допсалъэ, я Іуэ ельыкІэ зыдогъащІэ икІи ахэр кьыдольытэ. А псом иужькІэ, Іуэхугъуэ зэхуэмыдэхэм игъэпІейтей щІыхуэхэр ди дежкІ ыдогъэблагъэ, сэбэп дахуэхьу.

Нобэ Парламентыр ящ федеральнэ хабзэхэм я проект гъэхьэзырыныжмкІэ нэхъыфІу кьалъытэ щІыналъэщІым. Парламентым и 6-нэ зэхуэсыгъуэм кьриубыдэу КъэралДумэм щІэтлъхьащ федеральнэ хабзэхэм я проектэ 7. Абыхэм ящыщу 5-м федеральнэ хабзэм и кьару яГуэтащ, - жиІащ Егоровэм. Парламентым и Унафэщым фІыщІэ яхуищІащ депутатхэм, Парламентым и Жылагъуэ советым хэтхэм.

Жылагъуэ советым и мыхьэнэм тепсэлъыхьащ, абы и лэжьыгъэм хуэмыбэлэрыгьнэ, гу зылъытапхъэхэр кьыхэгъэщхьэкуІын, нэмыщІысахэр зыхуэй хуэгъэзэн зэрыхуейм тепсэлъыхьащ советым хэт **Федченкэ Людмилэ**. Абы Егоровэм фІыщІэ хуищІащ Парламентыр зэфІэзыгъэвахэм я гуащІэм гу зэрылъытам щхьэкІэ.

КЪБР-м и Парламентым и депутат **Джэш ФатІимэ** зэІущІэм щыжиІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым гимн иІэныр япэ игъэщІигъэ Іуэхугъэхэм зэращыщыр икІи КЪБР-м и Парламентым и Унафэщым ар зэфІэгъэкІыным и нэІэ тригъэтыну.

ЗэІущІэм хэтахэр зэчэнджэщащ, щІэуэ советым хагъэхьэнэуэ Іуэху цІыхухэм пащІу, ІэмалышІэхэр кьагупсысыну, лэжьыгъэфІ ирагъэфІэкІуэну зэрагуапэр жаІащ.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

ЖыпхъэщІэхэм тету

ЦІыхухэм япэ дэІэпыкъуныгъэхэр щыхуащІэ медицинэ Іуэхущ Іапіэхэр къэгъэщІэрэщІэжьынымкІэ программэр республикэм щыджэру щагъэзащІэ. Абы ипкъ иткІэ щІыналъэхэм щыІэ апхуэдэ ІэнатІэхэм щрагъэкІуэкІ лэжьыгъэм зыщигъэгъуэзащ КЪБР-м узыншагъэр хъумэнымкІэ и министр Къалэбатэ Рустам.

МЫ ИПЪЭСЫМ а программэм хьихьэу узыншагъэр хъумэнымкІэ ІэнатІэм и Іуэхущ Іапіэу 7 ящхуэ, 15-м зэгъэпэщІжьныгъэ лэжьыгъэхэр щрагъэкІуэкІ.

Шэджэм районым хьихьэ Звезднэ жылагъуэм метр зэбгрыкІэнатІи 112-рэ хъуэ, иджырей жыпхъэщІэхэм ипу амбулаторэ щащхуэ. Иджыпсту жылэм дэт медицинэ Іуэхущ Іапіэр псэупІэ унэм и япэ кьатым хэту аращ икІи цІыхухэм зыхуэныкъуэ дэІэпыкъуныгъэхэр фІагъ пыпІу яІэрыхьэнымкІэ щытыкІэ тэмэмхэр яІэу щыткъым. Псори зэхэту а Іэнатім кьепхащ цІыху 1627-рэ.

УхуэныгъэщІэр медицинэм кьигъэув жыпхъэщІэхэм тетынущ. Дохутырхэр зыщІэс, цІыхухэм медицинэ Іуэхутхьэбзэхэр щыхуащІэну пэшхэр, махуэ стационарыр Іэнатім щылажьэхэми абы кьекІуэлІэхэми я тыншыпІэм хуэщІауэ зэкІэлъагъэкІуащ. Мы зэманым ирихьэлІэу унэм и бынхэр дращІеящ, инженер коммуникацэхэр зэфІагъэхьащ, ухуакІуэхэр ижь ихьащ унэ блынир, пэш кІуэцІхэр зыхуей хуэгъэзэным, унащхьэр телъхьэным. Ахэр зэфІэкІмэ, Іуэхущ Іапіэм кьеГъэщІыпІа щыналъэри зэІуэпэщ ящІэнущ. Бадзэуэгъуэм и кІэм ирихьэлІэу псори хьэзыр ящІыну я мурадщ. Апхуэдэу министрым зригъэльэгъуащ Кэнжэ, Белэ Речкэ къуажэхэм щащхуэ амбулаторэхэри. Абыхэм я Іуэхугъэр 2025 гъэм зэфІэкІынущ.

Кьалэбатэ Рустам арэзы кьищІащ ЩхьэпыкІуэр, Яныкъуей, Краснодарскэ, Терскэ, Арыкъ, Хьэмидей къуажэхэм, Май, Тэрч кьалэхэм дэт медицинэ Іуэхущ Іапіэхэм зэгъэпэщІыжьныгъэхэр зэрыщрагъэкІуэкІыным. Министрым пщэрылъ ящищащ цІыхухэм псынщІэу зыхуэныкъуэ медицинэ дэІэпыкъуныгъэхэр кьаазэрыІэрыхьэным хуэщІауэ ухуэныгъэхэр ирагъэкІуэкІыну, чэзум щыпэплъэ плІанэпэр тыншыпІэм хуэщІауэ кьызэрагъэпэщыну.

2030 гъэм и кІэ пщІондэ республикэм сыт и лъэныкъуэкІи зыхуей хуэзэу щащхуэ, щызэрагъэпэщыжьыну медицинэ Іуэхущ Іапіэхэр 50 мэхъу. Абы кьищынэмыщІауэ, щІыналъэм и поликлиникэхэр зыхуэныкъуэ ІэмэпсымэхэмкІэ, медицинэ транспортхэмкІэ ирагъэкъуэжьынущ. Апхуэдэ щІыкІэкІэ а зэманым ирихьэлІэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхуэм япэ медицинэ дэІэпыкъуныгъэхэр щыхуащІэ и Іуэхущ Іапіэ псори сыт и лъэныкъуэкІи зэпэщу щытынущ.

ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэ.

ЩІэблэм лъахэр ирагъэцІыху

Сабийхэмрэ ныбжьыщІэхэмрэ папщІэ туризмэмкІэ, лъахэхутэмкІэ, спортымрэ узыншагъэм кІэлъыпІынымкІэ щыпсэу Урыс географие зэгухьэныгъэмрэ ирагъэкІуэкІащ «Адэжь щІыналъэр фІыуэ зыщІыхуэр» лъахэхутэ зэпеуэр. Абы хэтащ Сабийхэмрэ щІалэгъуалэмрэ творчествэмкІэ я унэм и унафэщІым и къуэдзэхэу Хьэрэдурэ Лидиерэ Пщыкъуэ Анютэрэ, методист Уянаевэ Ларисэ. ЕзыгъэкІуэкІар егъэджакІуэ Отаровэ Зульфиящ. Ар Іыхьэ-Іыхьэу гуэшауэ екІуэкІащ икІи ІэпэщІыгъуэ ящыхьащ сабийхэмрэ ныбжьыщІэхэмрэ. Я зэфІэкІхэр, зыщыпсэу лъахэм, республикэм и щІыпІэ дахэхэм теухауэ ящІэхэр абы нэхъри наІуэ къыщІащ.

ГУЪУЭТ Синэ.

«ЩIыпIэ самоуправленэм и органхэм къэрал зэхуаку, къэрал щIыб экономикэ зэпыщIэныгъэхэм я IэнатIэм зэхущытыкIэхэр зэрыщызэтраухуэм и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. «ЩIыпIэ самоуправленэм и органхэм къэрал зэхуаку, къэрал щIыб экономикэ зэпыщIэныгъэхэм я IэнатIэм зэхущытыкIэхэр зэрыщызэтраухуэм и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэщтэн.

2. Мы Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм хуегъэхьын Iэ тридзэн икIи хэIущIыIу ищIын папщIэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2024 гъэм мэкъуауэгъуэм и 6-м
№865-П-П

ЩIыпIэ самоуправленэм и органхэм къэрал зэхуаку, къэрал щIыб экономикэ зэпыщIэныгъэхэм я IэнатIэм зэхущытыкIэхэр зэрыщызэтраухуэм и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къищтащ 2024 гъэм мэкъуауэгъуэм и 6-м

1-нэ статья. Мы Законым зэригъэзахуэр

«Урысей Федерацэм щIыпIэ самоуправленэм и къызэгъэпэщыкIэр зытет хабзэхэм я Iуэхукlэ» Федеральнэ закон №131-ФЗ-уэ (адэкIэ къызэрыкIуэнур Федеральнэ законущ) 2003 гъэм жэпуэгъуэм и 6-м къыдэкIам ипкъ иткIэ мы Законым зэтреухуэ щIыпIэ самоуправленэм и органхэм къэрал зэхуаку, къэрал щIыб экономикэ зэпыщIэныгъэхэм я IэнатIэм щызекIуэ зэпыщIэныгъэхэр.

2-нэ статья. ЩIыпIэ самоуправленэм и органхэм къэрал зэхуаку, къэрал щIыб экономикэ зэпыщIэныгъэхэм я IэнатIэм зэхущытыкIэхэр щызэтраухуэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органхэм я хуитыныгъэхэр.

1. ЩIыпIэ самоуправленэм и органхэм къэрал зэхуаку, къэрал щIыб экономикэ зэпыщIэныгъэхэр щыпхагъэкIкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и хуитыныгъэхэм хохьэ:

1) федеральнэ законодательствэм, мы Законым, нэгъуэщI республикэ законхэм ягъэува хуитыныгъэхэм къитIасэу щIыпIэ самоуправленэм и органхэм къэрал зэхуаку, къэрал щIыб экономикэ зэпыщIэныгъэхэр пхагъэкIыныр хабзэхэм тригъэувэныр;

2) щIыпIэ мыхьэнэ зиIэ Iуэхухэр зэфIагъэкIын мурадкIэ щIыпIэ самоуправленэм и органхэмрэ нэгъуэщI къэралхэмрэ къэрал зэхуаку, къэрал щIыб экономикэ зэпыщIэныгъэхэм теухуа зэгурыIуэныгъэхэр (адэкIэ къызэрыкIуэнур къэрал зэхуаку, къэрал щIыб экономикэ зэпыщIэныгъэхэр пхагъэкIынымкIэ зэгурыIуэныгъэщ хабзэм тету зэригъэкIуэныр;

3) щIыпIэ самоуправленэм и органхэм къэрал зэхуаку, къэрал щIыб экономикэ зэпыщIэныгъэхэр пхагъэкIыным теухуауэ зэгурыIуэныгъэхэр зэрарищIылIэну щIыкIэр зэтриухуэныр;

4) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органу щIыпIэ самоуправленэм и органхэм къэрал зэхуаку, къэрал щIыб экономикэ зэпыщIэныгъэхэм я IэнатIэм уполномоченнэу (адэкIэ къызэрыкIуэнур уполномоченнэ республикэ органущ) щыщытынур къыхэхыныр;

5) Федеральнэ законым ипкъ иткIэ Урысей Федерацэм и щIыналъэм и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ орган нэхъыщхьэм и хуитыныгъэхэм хагъэхьа нэгъуэщI хуитыныгъэхэри къигъэсэбэпыныр.

2. Уполномоченнэ республикэ органым и хуитыныгъэхэм хохьэ:

1) къэрал зэхуаку, къэрал щIыб экономикэ зэпыщIэныгъэхэр щыпхагъэкIкIэ щIыпIэ самоуправленэм и органхэм хабзэм, Iэмалхэм теухуауэ ядэIэпыкъуныр;

2) мы Законым зэригъэувам тету щIыпIэ мыхьэнэ зиIэ Iуэхухэр зэфIагъэкIын мурадкIэ щIыпIэ самоуправленэм и органхэм къэрал зэхуаку, къэрал щIыб экономикэ зэпыщIэныгъэхэр зэрыпхагъэкIым и нэIэ тригъэтыныр;

3) мы Законым зэригъэувам тету щIыпIэ самоуправленэм и органхэм къэрал зэхуаку, къэрал щIыб экономикэ зэпыщIэныгъэхэр пхагъэкIыным теухуауэ зэращIылIа зэгурыIуэныгъэхэр итхыныр;

4) щIыпIэ самоуправленэм и органхэм къэрал зэхуаку, къэрал щIыб экономикэ зэхущытыкIэхэр зэрыпхагъэкIыну щIыкIэу федеральнэ органым къигъэлъэгъуам тету икIи ипэ ита илъэсым апхуэдэ зэпыщIэныгъэхэр зэрыпхагъэкIам къриклуахэм ятеухуауэ гъэ къэс мазаем и 1-м ипэ къихуэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм щIыпIэ самоуправленэм и органхэм къэрал зэхуаку, къэрал щIыб экономикэ зэхущытыкIэхэм я IэнатIэм щрагъэкIуэкI къэрал политикэмрэ щызекIуэ нормативно-правовой пщалъэхэмрэ зэрыщагъэзэщIэну хабзэхэр пхызыгъэкIыну пщэрылъ зыщищIа уполномоченнэу щыт гъэзэщIакIуэ властым и федеральнэ органым хъыбар иригъэщIэныр къызэригъэпэщыну;

5) щIыпIэ самоуправленэм и органхэм къэрал зэхуаку, къэрал щIыб экономикэ зэпыщIэныгъэхэр щыпхагъэкIкIэ зэращIылIэ зэгурыIуэныгъэхэр зыхуэдэр зэтраухуэныр къызэригъэпэщыныр икIи а зэгурыIуэныгъэхэр гъэ къэс мазаем ипэ къихуэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм щIыпIэ самоуправленэм и органхэм къэрал зэхуаку, къэрал щIыб экономикэ зэхущытыкIэхэм я IэнатIэм щрагъэкIуэкI къэрал политикэмрэ щызекIуэ нормативно-правовой пщалъэхэмрэ зэрагъэзэщIэну хабзэхэр пхызыгъэкIыну пщэрылъ зыщащIа уполномоченнэу щыт гъэзэщIакIуэ властым и федеральнэ органым хуигъэхьыныр къызэригъэпэщыну;

6) Урысей Федерацэм и щIыналъэм и къэрал властым и уполномоченнэм и хуитыныгъэхэр пхегъэкI Федеральнэ законым и 695-нэ статьям и 1-нэ Iыхьэмрэ 696 - статьям и 2-нэ Iыхьэмрэ тету;

7) Урысей Федерацэм и щIыналъэм и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ орган нэхъыщхьэм фIэкIа нэгъуэщIым и Iуэху хэмылъу федеральнэ законодательствэм игъэува полномочиехэр хэмыту къэдгъэлъэгъуа IэнатIэм Урысей Федерацэм и щIыналъэхэм я гъэзэщIакIуэ властым и органхэм я нэгъуэщI полномочиеу Федеральнэ законым, нэгъуэщI норматив правовой актхэм ягъэувахэр пхигъэкIыну.

3-нэ статья. ЩIыпIэ самоуправленэм и органхэм къэрал зэхуаку, къэрал щIыб экономикэ зэпыщIэныгъэхэр зэрыпхагъэкIынур зэрызрагъэкIу щIыкIэр

1. ЩIыпIэ мыхьэнэ зиIэ Iуэхухэр зэфIагъэкIын мурадкIэ къэрал зэхуаку, къэрал щIыб зэпыщIэныгъэхэр щыпхагъэкIкIэ щIыпIэ самоуправленэм и органхэм ялэжьхэр уполномоченнэ республикэ органхэм драгъэкIу:

1) къэрал зэхуаку, къэрал щIыб экономикэ зэпыщIэныгъэхэм я IэнатIэм нэгъуэщI къэралхэм я къэрал-щIыналъэ административнэ-щIыналъэ, муниципальнэ къызэгъэпэщыныгъэхэм я лIыкIуэхэм щыдрагъэкIуэкIыну зэIущIэхэр, чэнджэщ къуэщатынухэр, нэгъуэщI Iуэхухэр;

2) нэгъуэщI къэралхэм кIуэхэм, нэгъуэщI къэралхэм я лIыкIуэхэр къезыгъэблагъэхэм яхэтыныр;

3) мы Iуэхум хухахыу къызэрагъэпэща органхэм я хуитыныгъэхэм къитIасэу муниципальнэ зэдэлэжьэныгъэм и IэнатIэм къэрал зэхуаку организацэхэм щрагъэкIуэкI лэжьыгъэм хэтыныр;

4) муниципальнэ зэхуаку зэдэлэжьэныгъэм и къэрал зэхуаку программэхэр зэхэлъхьэнымрэ гъэзэщIэнымрэ хэтыныр.

2. ЩIыпIэ самоуправленэм и органхэм къэрал зэхуаку, къэрал щIыб экономикэ зэпыщIэныгъэхэр пхагъэкIын щIадзэным лэжьэгъуэ махуэ 30-кIэ ипэ иту (ар щIадзэным теухуа унафэр нэхъ иужьыIуэкIэ къащтамэ - икIэщIыпIэкIэ) щIыпIэ самоуправленэм и органхэм уполномоченнэ республикэ органым лъэIу тхылъэ хуагъэхь къэрал зэхуаку, къэрал щIыб экономикэ зэпыщIэныгъэхэм ящыщ дэтхэнэ лIэужьыгъуэри къыщыгъэлъэгъуауэ:

1. ЩIыпIэ самоуправленэм и органхэм къэрал зэхуаку, къэрал щIыб экономикэ зэпыщIэныгъэхэр зэрыпхагъэкIыну щIыкIэм теухуа хъыбархэр;

2) нэгъуэщI къэралхэм я къэрал-щIыналъэ, административнэ-щIыналъэ, муниципальнэ къызэгъэпэщыныгъэхэм я лIыкIуэхэм къэрал зэхуаку, къэрал щIыб экономикэ зэпыщIэныгъэхэм я IэнатIэм щыдрагъэкIуэкIыну зэIущIэхэр, чэнджэщхэр, нэгъуэщI Iуэхугъуэхэр зыхуэгъэза мурадхэм, щIыпIэхэм, щыщIидзэнухэм, а Iуэхугъуэхэм хэтынухэми, абыхэм я программэхэм (къэрал зэхуаку, къэрал щIыб экономикэ зэпыщIэныгъэхэр мы статьям и 1-нэ, 2-нэ пунктхэм къыщыгъэлъэгъуа теплъэхэр яIэмэ) ятеухуа хъыбархэр;

3) мы мурадым хухахауэ къызэрагъэпэща органхэм я хуитыныгъэхэм къитIасэу муниципальнэ зэхуаку зэдэлэжьэныгъэм и IэнатIэм къэрал зэхуаку организацэхэм щрагъэкIуэкI лэжьыгъэм щIыпIэ самоуправленэм и органхэм хуаIэ мурадхэмрэ зэрыхэт щIыкIэмрэ, зи гугъу тщIы къэрал зэхуаку организацэхэмрэ органхэмрэ зэреджэм, здэщыIэ щIыпIэм, я лэжьыгъэмрэ хуитыныгъэхэмрэ я унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм, абыхэм яхэтыныр къызэрагъэпэщын зэрыхуейм, апхуэдэу щыщIидзэнум (мы статьям и 1-нэ Iыхьэм и 3-нэ пунктым къыщыгъэлъэгъуам тещIыхьауэ къэрал зэхуаку, къэрал щIыб экономикэ зэпыщIэныгъэхэр пхагъэкI хъужыкъуэмэ) ятеухуа хъыбархэр;

4) щIыпIэ самоуправленэм и органхэм муниципальнэ зэхуаку зэдэлэжьэныгъэм и къэрал зэхуаку программэхэм я проектхэр зэхэлъхьэным икIи гъэзэщIэным зэрыхэтыр зыхуэгъэза мурадхэмрэ абы и теплъэхэмрэ, абыхэм ягъэзащIэ къалэнхэм егъэщIылIа Iуэхухэм икIи ахэр зэхэзылъхьахэр, зыгъэзащIэхэр хэтми, апхуэдэу щIыпIэ самоуправленэм и органхэм а проектхэр зэхэлъхьэным икIи гъэзэщIэным щыщIадзэну махуэм (мы статьям и 1-нэ Iыхьэм и 4-нэ пунктым къыщыгъэлъэгъуам тету къэрал зэхуаку, къэрал щIыб экономикэ зэпыщIэныгъэхэр пхагъэкI хъужыкъуэмэ) ятеухуа хъыбархэр;

5) щIыпIэ самоуправленэм и органхэм къэрал зэхуаку, къэрал щIыб экономикэ зэпыщIэныгъэхэр ягъэува пщалъэм тету пхагъэкIыну къызэрезэгъыр яубзыхуныр;

6) Iуэхугъуэхэр щрагъэкIуэкIкIэ Iэ зытрадзэну я мурад дэфтэрхэм я проектхэр.

3. ЛъэIу тхылъыр къыIэрыхьа иужь лэжьэгъуэ махуипщIым къитIасэу уполномоченнэ республикэ органым унафэ къещтэ а теплъэм тету къэрал зэхуаку, къэрал щIыб экономикэ зэпыщIэныгъэхэр пхыгъэкIыным арэзы техъуэным е имыдэным теухуа унафэ икIи къищта унафэмкIэ хъыбар ирегъащIэ щIыпIэ самоуправленэм а Iуэхур щызезыхуэ органым.

Къыхуагъэлъэгъуа теплъэм тету къэрал зэхуаку, къэрал щIыб экономикэ зэпыщIэныгъэхэр пхагъэкIыу щIамыдам и щхьэусыгъуэр лъабжьэ зиIэу икIи зэхэщIыкIыгъуэу щытын хуейщ.

4. Къэрал зэхуаку, къэрал щIыб экономикэ зэпыщIэныгъэхэр пхыгъэкIыным ехьэлIа Iуэхухэр иуха иужь лэжьэгъуэ махуипщIым щIыпIэ самоуправленэм и органхэм зыхуэфащэ теплъэ иIэу уполномоченнэ республикэ органым хуагъэхь ахэр зэрырагъэкIуэкIам (ипэжыпIэкIэ щрагъэкIуэкIа пIалъэхэр, щIыпIэр, я программэр, хэтахэр, зытеухуахэр, ирагъэкIуэкIа зэIущIэхэм къриклуахэр къыщыгъэлъэгъуауэ) къриклуахэмрэ, апхуэдэу а Iуэхухэр щрагъэкIуэкIым Iэ зытрадза дэфтэрхэм я копиехэмрэ.

4-нэ статья. Къэрал зэхуаку, къэрал щIыб экономикэ зэпыщIэныгъэхэр пхагъэкIыным теухуа зэгурыIуэныгъэхэм лъабжьэр зэрызрагъэкIу щIыкIэр.

1. ЩIыпIэ мыхьэнэ Iуэхухэр зэфIагъэкIын мурадкIэ щIыпIэ самоуправленэм и органхэм къэрал зэхуаку, къэрал щIыб экономикэ зэпыщIэныгъэхэр пхагъэкIыным теухуа зэгурыIуэныгъэхэр нэгъуэщI къэралхэм я щIыпIэ самуправленэм и органхэм иращIылIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и арэзыныгъэ хэлъу.

2. Къэрал зэхуаку, къэрал щIыб экономикэ зэпыщIэныгъэхэр пхагъэкIыным теухуа зэгурыIуэныгъэхэр зэращIылIэн ипэкIэ абы и проектыр (адэкIэ мы статьям къызэрыщыкIуэнур зэгурыIуэныгъэм и проектущ) зэгурыIуэныгъэр зэращIылIэнур къызэрезэгъыр и лъабжьэу щыт дэфтэрхэу щIыпIэ самоуправленэм и органхэм къабгъэдэкIахэр уполномоченнэ республикэ органым хуагъэхь.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и IэнатIэ гъэзэщIакIуэ органхэр хэту уполномоченнэ республикэ органым ар къыIэрыхьа иужь лэжьэгъуэ махуэ 20-м къитIасэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм хуегъэхьэзыр зэгурыIуэныгъэм и проектым арэзы зэрытехъуэм теухуауэ къыхилъхьэхэр е абы хъыбар ирегъащIэ а зэгурыIуэныгъэм дагъуэ зэрыхуищIымкIэ икIи ахэр зыхуэдэмкIэ.

4. ЗэгурыIуэныгъэм и проектым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэр арэзы зэрытехъуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и правовой акткIэ щIагъэбыдэ икIи а унафэр къызэращтэрэ лэжьэгъуэ махуи 5 нэхъ дэмыкIыу щIыпIэ самоуправленэм зыIэрагъэхьэпхъэм хуагъэхь.

5. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэр арэзы зытехъуа проектым зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьэ хъужыкъуэмэ а зэгурыIуэныгъэм и проектыр мы статьям зэрыщыгъэува щIыкIэм тету етIуанэу щызрагъэкIун хуейщ.

6. Къэрал зэхуаку, къэрал щIыб экономикэ зэпыщIэныгъэхэр пхыгъэкIыным теухуа зэгурыIуэныгъэм халъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэмрэ щIагъухэмрэ, абыхэм а зэгурыIуэныгъэм щIагъу гуэдзэн зэгурыIуэныгъэ теплъэ зиIэхэри яхэту, апхуэдэу абыхэм иужькIэ гъусэ хуащIа дэфтэр псори яхэту, зэрагъэкIун хуейщ мы статьям игъэува щIыкIэм тету.

5-нэ статья. НэгъуэщI къэралхэм я щIыпIэ самоуправленэм и органхэм къэрал зэхуаку, къэрал щIыб экономикэ зэпыщIэныгъэхэр хуаIэн папщIэ иращIылIэ зэгурыIуэныгъэхэр зэратх щIыкIэр.

1. Урысей Федерацэм и законодательствэм тету щIыпIэ самоуправленэм и органхэм нэгъуэщIхэм къэрал зэхуаку, къэрал щIыб экономикэ зэпыщIэныгъэхэр хуаIэн папщIэ иращIылIэ зэгурыIуэныгъэхэр ятхын хуейщ.

2. ЗэгурыIуэныгъэхэр зытхыр уполномоченнэ органырщ икIи ар фIэкIыпIэ имыIэу зыхуейщ апхуэдэ зэгурыIуэныгъэхэр къару ягъуэтын папщIэ.

3. ЗэгурыIуэныгъэ щIыным хохьэ ар тхыным е ятхыу ямыдэным теухуа унафэр къащтэныр, ятхам и номер зэгурыIуэныгъэм етыныр икIи ар щIыпIэ самоуправленэм и органхэм я зэгурыIуэныгъэхэм я реестрым хэгъэхьэныр.

4. Тхын хуей зэгурыIуэныгъэр (зэрыщыт дыдэр), апхуэдэу щIыгъу псори Iэ зэрытрадзэрэ лэжьэгъуэ махуи 10 нэхъ дэмыкIыу уполномоченнэ органым и пащхьэм иралъхьэ.

5. Муниципальнэ къызэгъэпэщыныгъэ зыбжанэм я щIыпIэ самоуправленэм и органхэм зэгъусэу иращIылIа зэгурыIуэныгъэр ирагъэтхын папщIэ зыгъэлъагъуэр щIыпIэ самоуправленэм и органу зэгурыIуэныгъэм япэу Iэ тезыдзарщ.

6.ЗэгурыIуэныгъэм щIагъу зыхуэфащэ муниципальнэ къызэгъэпэщыныгъэм я пащхьэм Iэ зытридза копиехэр;

1) Iэ зытрадза зэгурыIуэныгъэм (экземпляритI);

2) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэр арэзы зытехъуа зэгурыIуэныгъэм и проектым;

3) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэр зэгурыIуэныгъэм Iэ традзэну арэзы зэрытехъуар зи щыхьэт дэфтэрым.

7. Ятхыну къызэрахьрэ лэжьэгъуэ махуэ 15 нэхъ дэмыкIыу зэгурыIуэныгъэр ятх.

8. Ятхын ямыдэнкIэ хъунущ а зэгурыIуэныгъэр Урысей Федерацэм и Конституцэм, къэрал зэхуаку хабзэхэм я лъабжьэхэу, пщалъэхэу псоми къалъытахэм, Урысей Федерацэм ярищIылIа къэрал зэхуаку зэгурыIуэныгъэхэм, федеральнэ законодательствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законодательствэм, правовой актхэм я муниципальнэ пщалъэхэм емызэгъыу къалъытэмэ.

9. Ятхын ямыда зэгурыIуэныгъэр уполномоченнэ республикэ органым, щIимыдам и щхьэусыгъуэр къегъэлъагъуэри, ар хуегъэхьыж ар къезыгъэхьа щIыпIэ самоуправленэм и органым.

10. Имытхыу уполномоченнэ республикэ органым зэгурыIуэныгъэр къезыгъэхьа щIыпIэ самоуправленэм и деж иригъэгъэзэжыфынущ къэрал зэхуаку, къэрал щIыб экономикэ зэпыщIэныгъэхэр пхыгъэкIыным теухуа зэгурыIуэныгъэм и заключенэр зэрызрагъэтх хабзэр е мы статьям и 4 - 6-нэ Iыхьэхэм къыщыгъэлъэгъуа хабзэр къызэпаудауэ щытмэ.

11. ЗэгурыIуэныгъэр зэратхрэ лэжьэгъуэ махуи 10 нэхъ дэмыкIыу, зэратха номерыр тету ар уполномоченнэ органым иригъэхъумэн папщIэ хурегъэхьыж ятхыну зэгурыIуэныгъэр къезыта щIыпIэ самоуправленэм и органым.

12. ЗэгурыIуэныгъэм халъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэри мы статьям къигъэувхэм тету ятх, езы зэгурыIуэныгъэр зэратх хабзэм тету.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ
2024 гъэм мэкъуауэгъуэм и 24-м
№19-РЗ

Унагъуэм и лъапIэныгъэхэр

ЗэIущIэхэр

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм щыIащ «Роль женщины в сохранении духовно-нравственных и семейных отношений» зыфIаща зэIущIэ. Ар иригъэкIуэкIащ КъБР-м и Бзылъхугъэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI, Налшык къалэ поликлиникэ №1-м и дохутыр нэхъыщхьэ Къаскъул Iэулият.

УФ-м и Президентым и унафэ №809-м тету, щIалэгъуалэм я гъэсэныгъэм, унагъуэ лъапIэныгъэхэр хъумэным я Iуэхукlэ къэралым игъэбелджыла лэжьыгъэм зэхъуэкIыныгъэ зэрыхалъхьам ар кIэщIу тепсэлъыхьащ. КъинэмыщIауэ, а лъапIэныгъэхэр УФ-м и Конституцэми къыщыгъэлъэгъуащ. Къаскъулым жиIащ адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ къадекIуэкI хабзэхэр щIэгъэкъуэнышхуэ зэрыхъунур зэIущIэр зытеухуа Iуэхухэр жылагъуэм щыгъэкIуэтэнымкIэ.

КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ **Къуэшырокъуэ Залым** зэIущIэм щигъэзэщIащ КъБР-м и Iэтащхьэм къалэн къыщищIа Iуэху гуапэр. УФ-м и Президентым и Администрацэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэ Кириенкэ Сергей къыбгъэдэкI фIыщIэ тхылъ ирытыжащ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и аппаратым и унафэщI Дьяченкэ Аннэ, УФ-м и Президентым и хэхыныгъэхэр къызэгъэпэщынымрэ егъэкIуэкIынымрэ жыджэру зэрыхэтам папщIэ.

Къуэшырокъуэ Залым КъБР-м и Бзылъхугъэхэм я зэгухьэныгъэм хэтхэм зэIущIэр къызэрызэрагъэпэщам папщIэ фIыщIэ яхуищIащ унагъуэм и лъапIэныгъэхэр хъумэным ипэ ибгъэщ хъун Iуэху зэрыщымыIэм тригъащIэу.

- НыбжьыщIэхэр гъэсэным теухуауэ цIыхубзхэм я пщэ къыдэхуэ къалэныр инщ. Абы и лъэныкъуэкIэ Хэкум и мыхьэнэмрэ анэм и мыхьэнэмрэ зэхуэбгъадэ хъунущ. ЛъапIэныгъэр, Хэкур хъумэныр - анэр хъумэным хуэдэщ. ЛъапIэныгъэхэр, щэнхабзэр, лъэпкъ хабзэхэр, нэхъыжьхэм къащIэна щIэинхэр щахъумэкIэ, Хэкум къыщхьэщож, - жиIащ Къуэшырокъуэ Залым. - Илъэс мин бжыгъэкIэ зэфIагъэува лъапIэныгъэхэр КъухьэпIэм цIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ щахъуэж зэрыхъуам, жылагъуэм щекIуэкI а Iуэху мыхъумыщIэхэм, нацизмымрэ фашизмымрэ къызэрагъэзэжам шыIэныгъэрэ щIэныгъэрэ ди тегъэщIапIэу дапэщIэтыну къызэрытхуагъэувыр нобэ ди нэгу щIокI. Ди жагъуэгъухэм щытыкIэр зэщIагъэплъэну, я Iуэху еплъыкIэм дытрашэну зэрыхущIэкъур зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым. ЛъапIэныгъэхэр, унагъуэм, цIыхубзхэм я мыхьэнэр тхъумэжыну, къэралым и хабзэхэм дытетыну ди къалэнщ. Адэанэхэр быным я щапхъэу щытын хуейщ.

КъБР-м и Парламентым егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и комитетым и унафэщI **Емуз Нинэ** жиIащ иужь зэманым унагъуэхэм, цIыхубзхэм, сабийхэм зэрызахъуэжар ди нэгу зэрыщIэкIыр, нэхъапэIуэкIэ адэ-анэм я сабийр зэрыкъуаншэмрэ яIэщIэкIа щыуагъэмрэ къагурагъэIуэжу, ящийуэ щытамэ, иджы пэжыр зэхамыгъэкIыу IуэхущIапIэхэр, егъэджакIуэхэр, унафэщIхэр ягъэкъуаншэ зэрыхъуар. Абы и лъэныкъуэкIэ сабийм и унафэм адэ-анэр зэрыщIэувэр нэрылъагъущ. Апхуэдэу Емузыр къытеувыIащ унагъуэхэр псынщIэу лъэлъэж, цIыхубзхэм зыбжанэрэ унагъуэ яухуэж зэрыхъуам. А псор къалъытэу, адэ-анэхэмрэ сабийхэмрэ ядэлэжьэну, жылагъуэр ефIэкIуэным зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьэну къазэрыпэщылъыр къыхигъэщащ.

- Сыт хуэдэ зэманми къэралыр зэтезыIыгъэхэм ящыщщ унагъуэ быдэр, школыфIыр, нэхъыжьыфIхэр. Унагъуэм и мыхьэнэм нобэ зэрызихъуэжыр ди нэгу щIокI. Анэм нэхърэ сабийм и дэгызэр (нянэр) нэхъ щыпэгъунэгъу урохьэлIэ. Нэхъыжьхэм, адэ-анэм, егъэджакIуэм, жылагъуэм я пщIэр щраудых куэдрэ къохъу. ЕгъэджакIуэхэм жэуап зрамытыф упщIэхэри щыIэщ, - жиIащ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и комиссэм и унафэщI **Байчекуевэ Нинэ**. - Илъэс 35 - 40 ныбжьым ит куэдым унагъуэ, бын зэрагъэпэщыну хущIэкъуркъым. КъинэмыщIауэ, анэдэлъхубзэр IэщIыб зэращIыр, я сабийхэм ар зэрырамыгъащIэр Iуэху зэIумыбзхэм ящыщщ. Лъэпкъ проектхэр гъэзэщIэным и Iуэхукlэ къэралыр дэIэпыкъуэгъу зэрыхъур IуэхуфIщ. Егъэджэныгъэмрэ гъэсэныгъэмрэ я Iуэху бгъэдыхьэкIэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн хуейуэ зэманым къегъэув лъэпкъыр, унагъуэр, хабзэхэр хъума хъун папщIэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Муслъымэнхэм я дин IуэхущIапIэм и унафэщIым и дэIэпыкъуэгъу **Амщокъуэ Анжелэ** къытеувыIащ муслъымэн бзылъхугъэхэм щIэныгъэ зэрагъэгъуэт зэрыхъуам зэрыщыгуфIыкIыр, абыхэм я фэилъхьэгъуэхэр зыхуэдэн хуейм, нэкIуIупхъуэ зыIуалъхьэныр дин хабзэм зэрыщымыщыр, унагъуэ зыдэбухуэ хъун цIыхухъухэр зэрымащIэм къыхэкIыу, цIыхубзхэр етIуанэ, ещанэ, еплIанэ щхьэгъусэу дэкIуэну арэзы зэрыхъур.

КъБР-м лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкIэ и министр **КIурашын Андзор** и гуапэу къыхигъэщащ унагъуэхэм я лъапIэныгъэхэм, зыужьыныгъэм теухуа лэжьыгъэшхуэ зыбжанэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм зэрагъэзащIэр. Нэгъабэ зэфIагъэкIахэм ебгъапщэмэ, мы гъэм я мурадыр тIукIэ зэрынэхъыбэр. КIурашыным жиIащ дзэ Iуэху хэхам щыIэ щIалэхэм зэрадэIэпыкъур Iэрагъэхьэну щыкIуэкIэ, абыхэм гъэсэныгъэ дахэ зэрадилъагъур икIи ижь-ижьыж лъандэрэ къыддекIуэкI лъэпкъ хабзэхэр, гъэсэныгъэхэр, зэхущытыкIэ дахэхэр тхъумэн зэрыхуейр.

Къэрал статистикэмкIэ федеральнэ къулыкъущIапIэм ди щIыналъэм щиIэ къудамэм и унафэщI **Гъащтэ Аурикэ** и псалъэм къыхигъэщащ къалъхухэм я бжыгъэр тхыдэ къэхъугъэхэм куэдкIэ зэрелъытар. Къэралыр къапщтэмэ, мы зэманым къалъхухэм я бжыгъэм хэщIащ. Бынунагъуэшхуэхэр зэрынасыпым, ар зэрылъапIэм ныбжьыщIэхэр щIэпIыкIын, абы и фIагъхэр къагъэлъэгъуэн зэрыхуейр жиIащ къэпсалъэм.

Хабзэхъумэ IэнатIэхэм я ветеран, бынитхум я анэ **ЗекIуэрей Людмилэ** тепсэлъыхьащ унагъуэм ис балигъхэмрэ сабийхэмрэ я зэхуаку дзыхьрэ пщIэрэ дэлъыным мыхьэнэшхуэ зэриIэр, я бынхэм щапхъэ яхуэхъун зэрыхуейр.

«Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэ, бзылъхугъэхэм я «Жан» зэгухьэныгъэм и унафэщI, усакIуэ, тхакIуэ **Къаныкъуэ Заринэ** жиIащ республикэм и хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм жылагъуэ гъащIэм къыщыхъухэр жыджэру къызэрагъэлъагъуэр, ахэр газетхэм къызэрытехуэр. Ауэ газетыр электроннэу мыхъуу, тхылъымпIэу къаIэрыхьэм нэхъ къэзыщтэхэр, ахэр киоскхэм къыщащэхуну Iэмал яIэну лъаIуэхэр зэрыщыIэр къыхигъэщащ абы. Заринэ жиIащ жылагъуэм къыщыхъу Iуэху зэIумыбзхэр гъэмэщIэным псори телэжьэну зэракъалэныр, абы теухуауэ нэхъ щIэх-щIэхыу зэчэнджэщын зэрыхуейр.

ЗэIущIэм хэта, зи IэщIагъэкIи, ныбжькIи, дуней еплъыкIэкIи зэщхьэщыкI бзылъхугъэхэр къытеувыIащ лъэпкъ хабзэхэр хъумэным теухуа я гупсысэхэм. СыхьэтитIым къриубыдэу екIуэкIа зэхыхьэм къыщаIэта Iуэхугъуэхэм псори зэригъэгузавэм къыхэкIыу, апхуэдэ зэIущIэхэм зрагъэубгъуу пащэну зэгурыIуащ.

Зэхыхьэм хэтащ КъБР-м и Лъэпкъ къэрал библиотекэм и унафэщIым и къуэдзэ **Арзанунц Александрэ**, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм социальнэ политикэмкIэ, узыншагъэр хъумэнымкIэ, физкультурэмрэ спортымкIэ и комиссэм и унафэщI **Егоровэ Галинэ**, КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэхэу **Жанатаевэ Иринэрэ Щауэ ФатIимэрэ**, Дагъыстэн лъэпкъ щэнхабзэ центрым и унафэщI **Хаджиевэ ФатIимэ**, Налшык нэчыхь щатх и унэм и унафэщI **Шэру Валентинэ**, Налшык къалэм и прогимназие №66-мрэ №28-мрэ я унафэщIхэу **Сэрахъэ Залинэрэ Тогузаевэ Мирратрэ**, нэгъуэщIхэри.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Дунейм щыхъыбархэр

Зэныкъуэкъум и хэкIыпIэр

УФ-м и Президент Путин Владимиррэ Венгрием и премьер-министр Орбан Викторрэ Кремлым щрагъэкIуэкIа зэпсэлъэныгъэхэр теухуауэ щытащ Украинэм щекIуэкI зэныкъуэкъум.

«ЕВРОПЭР мамырыгъэм хуэныкъуэщ. ИлъэситIрэ ныкъуэрэ хъуауэ зауэм и ныбжьыр къыттридзэу допсэу икIи абы гугъуехь куэд къытхуехь. Дэ долъагъу абы зэхэкъутэныгъэу, хьэзабу къриклуэр икIи ди шынагъуэншагъэм къаруушхуэ иIэу къэтлъытэркъым. А зэпэщIэтыныгъэр зэран хуохъу экономикэм зиужьынми. Зэманым къызэригъэлъэгъуамкIэ, мамырыгъэр езыр-езыру къэхъунукъым, абы телэжьэн хуейщ, дипломатие зэгурыIуэныгъэм дызэрыхуэкIуэным дыхущIэкъупхъэщ», - жиIащ Орбан Виктор.

Путин Владимир къыхигъэщащ политико-дипломатие IэмалхэмкIэ щытыкIэр зэфIахыну мызэ-мытIэу къызэрагъэлъэгъуар, ауэ а Iуэхум Украинэр къызэремыувалIэр.

«Мамырыгъэм дыхуэзышэну жэрдэмыр дэ къэдгъэлъэгъуащ. Ар гъэзэщIа хъумэ, дзэ зэпэщIэтыныгъэхэр къызэтедгъэувыIэнурэ зэпсэлъэныгъэхэм щIэддзэнущ. Дэ дызыхущIэкъур пIалъэкIэ дызэкIужыныркъым, атIэ ди зэныкъуэкъур лъэныкъуэ едгъэзыпэнырщ зи ужь дитыр. Абы папщIэ, псом япэрауэ, Украинэм и дзэр Урысейм и щIыналъэщIэхэм иришыжын хуейщ», - жиIащ Путин Владимир.

ЩIэупщIэ зиIэнухэр

Илъэситху дэкIмэ, нэхъ щIэупщIэ зиIэну IэщIагъэхэр къыщагъэлъэгъуащ Урысей Федерацэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыхъумэжыныгъэмкIэ и министерствэм.

«ЕДГЪЭКIУЭКIА къэпщытэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, техникэм епха IэщIагъэхэрщ нобэрей ди гъащIэм щыпэрытыр, кIуэ пэтми абыхэм яIэ щIэупщIэм хэхъуэурэ кIуэнущ. Ахэр токарь, гъущIэзыгъажьэ, слесарь, фрезерым ирилажьэ IэщIагъэлIхэрщ», - жиIащ министерствэм цIыхухэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщынымкIэ и департаментым и унафэщI Кирсанов Михаил.

Абы и псалъэхэм къызэрыхэщамкIэ, Урысейр пIалъэ кIыхькIэ зыхуэныкъуэну IэщIагъэхэм ящыщщ медицинэ, социальнэ лэжьакIуэхэр. Апхуэдэу егъэджэныгъэм программэщIэхэр къызэрыхагъэхьэм къыхэкIыу, егъэджакIуэхэм къищынэмыщIауэ, дерсыщIэхэм я жыпхъэр зыубзыхуну IэщIагъэлIхэми щIэупщIэ яIэнущ.

«ШхапIэхэм епха хьэрычэтыщIэ Iуэхум зэрызиужьым ипкъ иткIэ, пщафIэхэри зэпэубыдауэ щытынущ икIи абыхэм сытым дежи улахуэ хъарзынэхэр яIэнущ», - жиIащ Кирсанов Михаил.

Бадзэуэгъуэм и 9,
гъубж

♦**1917 гъэм** къалъхуащ Совет Союзым и ЛIыхъужь **Къардэн Къубатий**.

♦**1931 гъэм** къалъхуащ АР-м и цIыхубэ усакIуэ, драматург, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Бэрэтэр Хьэмид**.

♦**1932 гъэм** къалъхуащ сурэтыщI Iэзэ, СССР-м и Художникхэм я зэгухьэныгъэм хэт **Хьэжу Руслан**.

♦**1941 гъэм** къалъхуащ адыгэ еджагъэшхуэ, ботаник, жылагъуэ лэжьакIуэ **Хьэкъун Барэсбий**.

♦**1942 гъэм** къалъхуащ КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Беслъэней Чэмал**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 26 - 31-рэ, жэщым градус 23-рэ щыхъунущ.

Бадзэуэгъуэм и 10,
бэрэжьей

♦**1922 гъэм** къалъхуащ КъШР-м и цIыхубэ усакIуэ, Абхъазым щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Хьэнфэн Алим**.

♦**1931 гъэм** къалъхуащ УФ-м щIыхь зиIэ и юрист **Щоджэн Iэбу**.

♦**1932 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ **Срыкъуэ ХьэмщIасэ**.

♦**1934 гъэм** къалъхуащ химие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Ибрэхьим Хьэмзэт**.

♦**1942 гъэм** къалъхуащ техникэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Сэбаншы Хъусен**.

♦**1966 гъэм** къалъхуащ КъБР-ми КъШР-ми щIыхь зиIэ я артисткэ **Шэрджэс Iэсият**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 25 - 27-рэ, жэщым градус 21-рэ щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ**.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Ныбгъуэр бгъасэми, хьэсэр и плъапIэщ.

ГущIэгъум зыхуиша IэщIагъэ

● ДифI догъэлъапIэ

Илъэс мащIэ дэкIа абы лъандэрэ - Азэмэтджэрий япэу лэжьыгъэ IэнатIэ зэрыпэрыхьэрэ. Я жылэжьым и бгъум щежэх Тэрч сыт хуэдизрэ къиуурэ зэтесабырыжа а зэманым къриубыдэу. АтIэми, а лъэхъэнэр напIэзыпIэм блэлъэтауэ къыщохъу нэхъыжь Iумахуэм. Къыщохъу и дэтхэнэ зы илъэсри, дэтхэнэ махуэри IуэхукIэ гъэнщIауэ къэгъуэгурыкIуащи. Уеблэмэ ноби, ныбжьыр илъэс 80-м щхьэдэхами, ар щыскъым и Iэр зэтедзауэ - хузэфIэкIыр унагъуэм щелэжь, езым ещхьу Iуэху щIэным хуэжыджэру игъэса и бынхэм защIегъакъуэ и къарум къызэритIэскIэ.

ЕджапIэ ищхьэр къызэринэкIа нэужь, Азэмэтджэрий ягъакIуэ Тэрч районым и IуэхущIапIэу Урожайнэ къуажэм дэт, Iэщ узыфэхэм щыпэщIэт, щагъэхъуж IэнатIэм. Япэ махуэхэм щыщIэдзауэ ищхьэкIэ къытетхэм къагурыIуат а щIалэм бащэкIэ ущыгугъ зэрыхъунур икIи дзыхь къыхуащIри и щIэныгъэм нэхъри хигъэхъуэн хьисэпкIэ къалэшхуэм - Мэзкуу яутIыпщ.

АЗЭМЭТДЖЭРИЙ къыщыхъуар Болэтей дэса Хамэ Мысрыкъуэ и унагъуэшхуэрщ. Мысрыкъуэ лэжьакIуэшхуэу щытащ, абы и зы щыхьэткъэ 50 гъэм икухэм «И гуащIэдэкIкIэ къихьа ехъулIэныгъэм папщIэ» медалыр къызэрыхуагъэфэщар. ПщIэшхуэ иIэу дунейм тета цIыхущ - илъэсищэм щIигъукIи псэуащ. Абы игъуэтащ быний - хъыджэбзиплIрэ щIалиплIрэ. Нэхъыжьым и жыIэм нэхъыщIэр едаIуэу, щхьэж хузэфIэкIыр ищIэу къыздэтэджащ ахэр:

- Ди адэр мэлыхъуэжьт, - игу къегъэкIыж Азэмэтджэрий,- Къущхьэхъу дэкIыу къыщысыжын хуей зэманыр къэблэгъа нэужь, сыпэплъэрт къысхуэмыгъэсу. СыщIыпэплъэр хъупIэм къехыжыхункIэ мыIэрысэ къэп зытIу къыздишэрти арт. И ныбжьэгъу, и лэжьэгъу дэст Къармэхьэблэ. Бгым къыщехыжкIэ гъэ къэсыху мыIэрысэр абы къритырт. Сэ унагъуэм сранэхъыщIэ щхьэкIэ сагъафIэу сыдэсыну, сыIуэхуншэну къысхуихуакъым. Iэщ зыкъом диIэт: жэми, хыви, мэлыр ди куэдт. Ахэр гъэшхэн хуейтэкъэ. ТIэкIу сыкъэжэпхъа нэужь, удзышэ мащIэрэ сыкIуа шыдыгукIэ. Сигу имыхужращ, зы гъэ, еуэри, ди хыври жэмри сымаджэ хъуащ. ЩIыунэ диIэти абы идгъэтIысхьащ хывыр. АрщхьэкIэ хъужакъым - лIащ. Абы щыгъуэ а тIур сфIэгуэныхь хъури, си гур зэрыхэщIам ущIэмыупщIэ. ФIы дыдэу сощIэж - а лъэхъэнэм мурад сщIауэ щытащ «ин сыхъумэ Iэщхэр згъэхъужу седжэнщ» жысIэри ... ИтIанэ школ гъащIэм щыщу нэхъ гукъинэж сщыхъуаращ: зы махуэ гуэрым классхэм дыкъыщIашри, кIэлындорым сатыру дыкъыщрагъэувэкIащ. ЕгъэджакIуэхэр хэти гъуэгыу, хэти и нэгур зэхэуфауэ апхуэдэт. Абджэым къыщыджаIэ Сталиныр зэрыщымыIэжыр.

Я къуажэ еджапIэр къимыухыпэ щIыкIэ, Азэмэтджэрий школым къыщIокIри мэув я жылэм дэт ГЭС цIыкIум. Ауэрэ даш дзэ къулыкъум. Германием яшэри мазипщIкIэ ирагъэджащ, сержант нэхъыжьи хъуащ. И хэку цIыкIум, къызыхэкIа адыгэ лъэпкъым я пщIэр имыгъэпуду, иIэту щIалэщIэр щыIащ армэм. Абы и зы щыхьэтщ взводым и командирым и къуэдзэу зэрагъэувар.

Дзэ къулыкъум къокIыжри мэув Тэрч дэт ПМК-м, бетон зэхищIэу.

Зэрылажьэм хуэдэурэ къеухыж 10-нэ классыр. ИкIи и хъуэпсапIэр зригъэхъулIэн гугъэ иIэу, и тхьылъхэр ехьри ирет Налшык дэт Къэбэрдей-Балъкъэр университетым ветеринархэр щагъэхьэзыр факультетым. Экзаменхэр ет плIы защIэкIэ, арщхьэкIэ цIыху куэдыIуэ кIуат - пхыкIыркъым. Илъэс докIри, аргуэру трегъазэ. ЕтIуанэ гуэрми и Iуэху къикIыркъым. Ауэ щIалэм и мурадтэкъым къикIуэтыну - ещанэу трегъазэ экзаменым. Сытми, и кIэн къокIри, щIохуэ ...

И лэжьыгъэр тэмэму зэтригъэувауэ, Урожайнэм дэт колхоз Iэщым и мызакъуэу, къуажэдэс унагъуэ былымми я нэIэм тету и IуэхущIафэр ирихьэкIырт Хамэхэ я щIалэм. ЦIыхуитху хъу гуп цIыкIуми я нэхъыжьт. Iэпэдэгъэлэл ямыщIу, егугъуу кIэлъыплъырт Iэщым. Арыншауи хъунутэкъым - утеплъэкъукIамэ, былымыр зэрыщыту зэрыцIэлэнут. Лъы къыхашырт, ар Тэрч дэт лабораторэм ирагъэхьырти жэмхэр узыншэрэ сымаджэрэ зэхагъэкIырт. Бэянт Iэщ гъэхъунымкIэ жэуаптакIуэ къулыкъущIэхэм Азэмэтджэрий и Iуэху бгъэдыхьэкIэр, и лэжьэкIэр гунэс зэращыхъуар. Аращ зы махуэ гуэрым, къуажэ колхозым и IэщIагъэлI нэхъыщхьэхэм ящыщ зы щIыгъуу, Мэкъумэш хозяйствэмкIэ министрым и къуэдзэ Чепурков Юрий къыхуеблагъэу былымым и Iуэхур щызэкIэлъымыкIуэ нэгъуэщI IэнатIэм-Красноармейскэ къуажэм щыIэ опытнэ хозяйствэм кIуэну къыщIелъэIуари.

Зи Iуэхур тэрэзу зэтеува Хамэ Азэмэтджэрий гуитIщхьитI ищIат къулыкъущIэм къыжриIам. Зы лъэныкъуэкIи и IэнатIэр игу пыкIыртэкъым, нэгъуэщI лъэныкъуэкIи унафэщIышхуэр бащэкIэ къыпщыгугъыу зыкъыпхуагъэзэныр пщIэшхуэт. Апхуэдэу щыхъум макIуэри йочэнджэщ и шынэхъыжьым - Хамэ Мухьэмэд. Абы трегъэгушхуэ «къыщолъэIукIэ кIуэ» жери.

А щIыкIэм тету, махуэл димыхыу, IэщагъэлIыр макIуэ Красноармейскэ къуажэм дэт ОПХ-м. ЗдэкIуам, абы и унафэщI Бэрбэч Нэжмудин деж щIохьэ. «Ди Iэщыр пхузэфIэгъэувэжын?» - къоупщI ар щIалэм. «ЗэфIэзгъэувэжынщ, ауэ ар къызэхъулIэн папщIэ укъызэдэIуэн, жысIэр къыздэпIыгъын хуейщ, сэри уэ жыпIэм седэIуэнщ». Мыр сыту щIалэ жьэнахуэ жиIа, Нэжмудин мащIэу къыпогуфIыкIри жэуап кърет: «Си деж зыри къыщынэнкъым, слъэкIымкIэ зыпщIэзгъэкъуэнщ». Арати, кIэщIу иужь ихьэри, зэманышхуэ трамыгъэкIуадэу, Iэщ лъэпкъыфI къыщащэхуащ къэралым и щIыпIэ зыбжанэм - Мэзкуу и Iэгъуэблагъэм щыIэ Клин къалэм, Краснодар щIыналъэм. Ауэрэ Iэщ гъэхъуным и Iэхури щызэтеувэжащ опытнэ хозяйствэм.

Къыббгъурыту Iуэху къыбдэзыщIэхэмрэ уи щхьэкIэ щыIэхэмрэ узэхащIыкIыу, дзыхь къыпхуащIа лэжьыгъэр тэрэзу епхьэкIмэ ар фIыгъуэкъэ - сыт хуэдэ IэнатIэ пэрытами, зэгурыIуэзэдэIуэжу, я гуфIэгъуэри я нэщхъеягъуэри здагуэшу къыздэгъуэгурыкIуащ Азэмэтджэрийрэ абы и лэжьэгъухэмрэ. УнафэщI телъыджэу яIа Бэрбэч Нэжмудин нэмыщI, абы IэфIу игу къегъэкIыж лэжьакIуэшхуэу щытахэу, зи ехъулIэныгъэм къыпэкIуэу Ленин орден зрата жэмыш Ащхъуэт Екатеринэ, бригадирхэу ХьэбытIэ Хьэсэнбий, Ащхъуэт Владимир сымэ. ОПХ-р уейуей жезыгъэIэ, пашэхэм хабжэ IэнатIэ хъуат. Гъэш къызыщIаш жэму яIэт 200, мэлу 700-м нэс, абы нэмыщIкIэ джэдкъази ягъэхъурт. Я жэмхэм илъэсым кърагырт зым хуэзэу литр мини 5-м нэблагъэ. Апхуэдэ лэжьыгъэшхуэм, шэч хэмылъу, и гуащIэдэкIи хэлът Азэмэтджэрий. Сыту жыпIэмэ, я былымыр мыузыншэу щытамэ, апхуэдизышэ къазэремыхъулIэнур хьэкът.

Красноармейскэ къуажэм иужькIэ, ищхьэкIэ щыIэ унафэщIхэр аргуэру къолъэIури, Хамэр ягъакIуэ Арыкъ къуажэм дэт «Родина» колхозым. Абыи Iэщ дохутыр нэхъыщхьэу илъэсищрэ ныкъуэкIэ щыIащ Азэмэтджэрий. Иужьым опытнэ хозяйствэм къигъэзэжри, пенсэм кIуэхункIэ абы щылэжьэжащ.

Хамэ Азэмэтджэрийрэ абы и щхьэгъусэ Эммэрэ здагъуэташ бынищ. Нэхъыжьыр - Анзор - Красноармейскэ къуажэм щыIэ опытнэ станцым и директорщ, и щIалэ етIуанэр - Тимборэ - бэджэнду щIы иIыгъыу толэжьыхь, я пхъур унагъуэ исщ. Азэмэтджэрий и щхьэгъусэ Эммэ библиотекэми цIыхум IуэхутхьэбзэщIыхуащIэ унэми щылэжьащ. Абы я унагъуэр сэзыгъэцIыхуа Хамэ Руслан зэрыжиIэмкIэ, Эммэ хуэдэу IэфIу пщафIэ, псом хуэмыдэу лэкъумыфI зыгъажьэ зэи ирихьэлIакъым. Абы и псалъэхэр зэрыпэжым щыхьэт ситехъуащ а унагъуэм сыщеблэгъа махуэм. Азэмэтджэрийрэ Эммэрэ я бынхэм къатехъукIыжауэ яIэщ щIэблэ хъарзынэ. Ахэрщ нэхъыжь Iумахуэм и гурыфIыгъуэр, и гъащIэм къыпызыщэр. Дауи, Азэмэтджэрий щогугъ, и фIэщи мэхъу и щIэблэр къызэрыщIэмыхуэнур, гъуэгу захуэ тету къызэрытэджынур, балигъыпIэ иувэмэ, лажьэ-шхэжу я гъащIэ Iыхьэр зэрырахьэкIынур. Псом хуэмыдэу ар ирогушхуэ щIыдагъэ, газ Iуэхум щыхурагъаджэу Ставрополь дэт институтым щIэс и пхъурылъху Мухьэмэд зэрыIэпщIэлъапщIэм:

- А щIалэр зэрыпсэуакIуэм хуабжьу сыщогугъыкI. А плъагъум и щхьэр егъэпсэужыф: компьютерхэр, телефонхэр зэрегъэпэщыжри, ещэж. ВакъащIэщ, вакъэ зэфIэтхъахэр щIэрыпс фIэкI умыщIэну къегъэщIэрэщIэжыф. Уеблэмэ «мыр дэнэ къыщыпщэхуар?» жаIэу къыщеупщI щыIэщ. Зэридыжар къащIэмэ, ямыгъэщIагъуэу къанэркъым.

Илъэс 84-рэ хъуащ балигъыпIэ зэриувэрэ Iэщ дохутыру зи гъащIэр къезыхьэкIа, зыпэрыта IэнатIэхэм пщIэ иIэу бгъэдэта, унагъуэ куэдым зи сэбэп екIыу нобэм къэса Хамэ Азэмэтджэрий и ныбжьыр. Узыншагъэ и лъэныкъуэкIэ гукъеуэ иIэкъым, и бынхэрщи хъарзынэщ, абыхэм къатепщIыкIыжахэращи, Алыхьым узэрелъэIунщ. Аракъэ жьыщхьэ махуэ жыхуаIэжыр? Ди гуапэщ Азэмэтджэрийрэ абы и щхьэгъусэ Эммэрэ я щIэблэм кърат гуфIэгъуэм иригушхуэу, езы тIури зэкIэрымыхуу, дяпэкIи илъэс куэдкIэ къыздэгъуэгурыкIуэну.

САУТ СулътIан.

ПсынэцIэхэм къаIуатэ

● Лъахэ

Тэрч щIыналъэм хыхьэ Инарыкъуей, Къаншыуей, Ислъэмей жылагъуэхэм зэхэту адыгэбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэу зы закъуэщ яIэр - Хьэрэдурэ Хьэсэн ипхъу Эммэ. Анэдэлъхубзэм гурэ псэкIэ хуэпэжу нобэм къэса егъэджакIуэ пажэм щIэблэм папщIэ зэфIих лэжьыгъэшхуэм и закъуэкъым и цIэмрэ щIыхьымрэ лъагэу зыIэтыр. Абы иджыблагъэ зэхуихьэсыжащ а къуажищми я щIыпIэцIэхэр къызэрыунэхуа щIыкIэм и тхыдэ кIыхьыр.

ИСЛЪЭМЕЙ жылагъуэм къыщалъхуащ Эммэ. 1980 гъэм къуажэ курыт еджапIэр къиухри, абы зригъэгъуэтащ режиссёр IэщIагъэр. Училище нэужьым Хьэрэдурэм зригъэгъуэтыжащ бзэ щIэныгъэхэмкIэ IэщIагъэ нэхъыщхьэ – 1998 гъэм къиухащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым филологиемкIэ и къудамэр. Эммэ и егъэджакIуэ гъуэгуанэм щызэригъэгъуэта ехъулIэныгъэхэмрэ щIэблэ ябгъэдилъхьа щIэныгъэмрэ папщIэ ар мызэ-мытIэу КъБР-м, УФ-м я щIыхь тхылъхэмрэ саугъэтхэмкIэ ягъэлъэпIащ.

- ЦIыху къэс зэрысабийрэ гъащIэм щиIэщ щIы кIапэ, зыпищI, зыхуигъадэ щымыIэу. Ар цIыхур къыщалъхуа, щапIа, балигъыпIэ щиува щIыналъэрщ. Дэнэ щIыпIэ щыIами, цIыхум и гум илъщ ар, аращ ХэкукIэ зэджэжри. Хэкум цIыхум хуиIэ лъагъуныгъэр, псом япэрауэ, къыщожьэ къыдалъхуахэм, къэзылъхуахэм, къуажэдэсхэм, нэхъыжьхэм хуиIэ пщIэм, езым зэрихьэ хабзэ-нэмысым, щалъхуа и щIыпIэр зэрицIыхум, абы и тхыдэм зэрыщыгъуазэм. ЦIыхур щысабийм а псом куууэ егупсысыркъым, ауэ балигъ хъуурэ хуежьа нэужь къилъыхъуэу, щIэупщIэу щIедзэ къыздикIамрэ къызыхэкIамрэ. Абдежу къыщIэкIынущ къыщалъхуа щIыпIэм цIыхум и гъащIэм щиIэ мыхьэнэ куур зыхищIэу щыщIидзэр, икIи упщIэ куэд и пащхьэм къоувэ. Сыту пIэрэ си къуажэм мыпхуэдэ фIэщыгъэцIэ щIиIэр е сыщыпсэу уэрамым лIыхъужь гуэрым и цIэ щIызэрихьэр, е губгъуэхэм, мэзхэм, Iуащхьэ гуэрхэм езым ейуэ цIэхэр щIаIэр? А псом уегупсысэа иужь, къыбгурыIуэж гъащIэр уи нэгу къызэрыпхущIэмыгъэувэнур цIыхубэр щыпсэу, щыпсэуа щIыпIэхэм я фIэщыгъэцIэр, ар къыздикIар хэмыту. Абы ипкъ иткIэ, дэнэкIэ дгъазэми ахэр ди нэгу щIэту, я тхыдэм, абыхэм теухуа хъыбархэм дыщыгъуазэу дыщытын хуейщ, - жеIэ Эммэ, и еджакIуэхэр къыдэIэпыкъуурэ зэхуахьэса лэжьыгъэу урысейпсо зэпеуэм япэ увыпIэр къызэрыщихьам теухуауэ.

А лэжьыгъэм и зы Iыхьэ фи пащхьэ идолъхьэ.

* * *

1930 гъэм, Инарыкъуей къуажэр илъэс 85-кIэ лъэгум щыпсэуауэ, щыгум къыдэIэпхъукIауэ щытащ, ауэ цIыхухэр къыдэкIа щхьэкIэ, апхуэдиз илъэс бжыгъэкIэ ахэр здэщыса щIыпIэхэм, къагъэсэбэпа псынэхэм, хадэхэм фIащауэ щытэ цIэхэри езы щIыпIэхэри къэнащ. Ауэ, дэнэ щIыпIэкIэ щыпсэуами, къуажэр псыкIэ гугъу емыхьу зы махуэ щытакъым. Абы къыхэкIыу куэдрэ псы ирафын къалъыхъуэн хуей хъуащ. Зэман куэдкIэ мэзым нэс кIуэурэ абы кърашу щытауи жаIэж. Ауэрэ, псы нэхъ здэщыIэну зыхуагъэфащэ щIыпIэхэр къылъыхъуэу щIадзащ.

Мы къэхутэныгъэ лэжьыгъэм дыщыпэрыхьэм япэ дыдэ зызыхуэдгъэза, къуажэдэс нэхъыжьыфI Тумэ Мухьэрбий къыджиIэжа хъыбархэм тепщIыхьмэ, япэу къуэнэхуар «Поляч псынэращ». ЗэманкIэ ар зыхуэзэр Николай II и тетыгъуэрщ. Абы щыгъуэ поляк гуп къишэри Инарыкъуей губгъуэм кърагъэтIысхьауэ щытауэ жаIэж. Полякхэм а щIыпIэм чырбыш, кхъуэщын щащIу завод щаухуат. Къуажищри а зэманым зэрыпсэуар полякхэм ящIа чырбышымрэ кхъуэщынымрэщ жаIэ. ЩIыпIэкIэ ар зыхуэзэр «Шыкхъэ»-м адэкIэщ. Унэ зыщыпсэунухэр щаухуауэ, унагъуэ щыхъужауэ щыпсэууэ, Инаркъуейрэ Ислъэмейрэ дэс щIалэхэр кIуэри полякхэр яхъунщIащ, мылъкуу яIэр къытрахри, щIыпIэми ирахужащ, ауэ абыхэм къатIауэ щыта псынэр къанэри къуажэм куэдрэ къагъэсэбэпащ. ГъэкIэ ар зыхуэзэр 1905 гъэм и пэщ, сыту жыпIэмэ Тумэ Мухьэрбийр МТС-м щылажьэрти, къуажэм щыщ гуэрхэм бжыкъу къыхуашат яхуиупсынуи, ар щиупсым пхъэм зыщIыпIэ деж цIуужу жор тетхауэ къыщIэщащ, абы и лъабжьэм 1905 гъэ жиIэу тетт. Бжыкъур полякхэр зыщыпсэуа унэхэм къыхахыжахэм щыщт. Ар щыхьэт тохъуэ псынэм и ныбжьыр а лъэхъэнэм зэрыщыIэм.

ЗэманкIэ «Поляч псынэм» иужьщ «Шыдакъхэ я псынэ» жыхуаIэр къыщыунэхуар. Мы псынэр къэзыхутари къэзытIари гъукIэ Iэзэу къуажэм дэса Шыдакъ ТIэхъущ. Ар Урыс-Япон зауэм щыIащ, 1905 гъэм абы къикIыжа нэужь, къуажэр псыкIэ гугъу зэрехьыр илъагъурти, Курпыпсыр щежэхым пэгъунэгъуу зыщIыпIэ и деж нэхъ кумбт гъущыжаури, абдеж псы щыIэну гурыщхъуэ ищIри къатIу щIадзащ. Абы къыдэIэпыкъуащ къуажэдэс щIалэ гуп. Метри 6–7-кIэ иратIыха нэужь, псыр къакIуэу щIидзащ. Ар къаухъуреихьщ, кърашщIыкIри псыр кърах хъуащ. Псыр шыугъэти, щыпщафIэкIэ шыгъу хадзэртэкъым, ауэ языурэ ирафырт, нэгъуэщI зэрамыIэм къыхэкIкIэ.

Нэхъыжьхэм къытхуаIуэтэжа хъыбархэм тепщIыхьмэ, «Шыдакъхэ я псынэ»-м иужькIэ къэунэхуар «Шэрий Iэлисэхь и псынэкIэ» зэджэрщ.

Ищхьэкlэ къызэрыхэдгъэщащи, Курп Ипщэр (Ислъэмейр), Курп Ищхъэрэр (Къаншыуейр), Инарыкъуейр къуажэу зэрытIыс махуэ лъандэрэ псыкIэ гугъу ехьу къогъуэгурыкIуэ. ЛIэщIыгъуэ кIуам и 20 гъэхэм къуажэдэсхэр зэфэну псыр мэзым кърашу щытауэ жаIэж нэхъыжьхэм. Къуажэм псы кърашэлIа нэужьи, тхьэмахуэ-тхьэмахуитIым зэ е тIэу кърагъэжу, къаутIыпщу щIадзащ, ар ярикъун хуейт цIыхуми, былымми, джэдкъазми. Апхуэдэу къуажищым дэс цIыхухэр псыкIэ гугъу зэрехьыр зылъагъу Шэрийхэ Iэлисэхьрэ Алмырзэрэ зэкъуэшитIым мурад ящIащ хэкIыпIэ гуэр а Iуэхум къыхуагъуэтыну, къыхуагупсысыну. «Iэлисэхь и псынэкIэ» зэджэ щIыпIэм и деж а тIум мащэ кърагIыкIащ метр 67–рэ и кууагъэрэ зы метр и бгъуагъыу. Мащэр къыщатIым, имыуэжын щхьэкIэ, чырбыш плъыжь щызэтралъхьэрт, кърагъэжыкIырт и хъуреягъыр. ИлъэсиплIрэ мазитIкIэ къатIауэ жаIэж. Мащэм и кIуэцIыр апхуэдизкIэ куут, щIыIэти, гъэмахуэми щIымахуэ щыгъын Iув ящыгъыу фIэкIа ехыртэкъым, ятIэр кIапсэ кIыхь иращIауэ пэгункIэ къыдрахьейуэ арат.

ЗэкъуэшитIым ядэIэпыкъуну къуажэдэс куэд иужь ихьэрт, ауэ мащэм зэрехыу къызэIыхьэрти, кърахыжырт, иныкъуэхэри зэрехыу къэмэхыпэрт. Абыхэм зыкъезыгъэщIэжри ядэIэпыкъури Iэлисэхьт, ар езыр удз хущхъуэкIэ, къупщхьэ къутакIэ Iэзэу, цIыху куэд игъэхъужу щытауэ жаIэж. Апхуэдэ дыдэу шэ зытехуа уIэгъэхэри, къамэ сыткIэ къауIахэри, былым сымаджэхэри игъэхъужырт. Мащэр къэтIын яуха нэужь, апхуэдизкIэ куути, пэгуныр зыпыщIа кIапсэр шым кIэращIэрт, хъурейуэ шыр екIуэкIыурэ къыдрашейрт.

Абы кърах псым, япэщIыкIэ, былымхэр, джэд-къазхэр ирагъафэу, урижьыщIэу, иритхьэщIэу фIэкIа ирафу идакъым Iэлисэхь.

Иужьым, 1931 гъэм, абдж зытхухым псы иригъахъуэщ, къиштэри, ар иIыгъыу, здэкIуар зыми имыщIэу, Iэлисэхь бзэхащ. МазищкIэ къэтауэ жаIэж. Абы щыгъуэм Iэлисэхь Ленинград кIуауэ арат псыр кригъэпщытэну. IэщIагъэлIхэм къалъытэщ абы уефи урипщафIи хъуну.

ИужькIэ, 1932 гъэм, къэралыр къадэIэпыкъури, псыр езым къыдришейуэ Iэмэпсымэ гуэрхэр къашэри трагъэуващ, дахэу, быдэу кърагъэжыкIыжащ, зыхуей хуагъэзащ.

Куэдрэ къагъэсэбэпащ а псынэр къуажэдэсхэм, абы и мызакъуэу, адрей къуажэ гъунэгъухэм къикIыурэ псым щыщ яшэрт ирафыну.

Iэлисэхь и унэм абы щыгъуэ къуажэм япэ дыдэу уэздыгъэ щыпагъэнауэ щытащ. Ар псынэм псы къыдэзышей Iэмэпсымэм пыщIат, уэздыгъэр ункIыфIмэ, псы къизышыр къэувыIауэ арат. Езы Iэлисэхь, жэщ-махуэ имыIэу, кIуэрти пигъэнэжырт. Ар здэкIуэм нэсын щхьэкIэ Курпыпсым икIын хуейти, абыи лъэмыж цIыкIу трилъхьат жаIэ Iэлисэхь (а лъэмыжыр иджыри телъщ.) Апхуэдиз Iуэхугъуэ зы лIым хузэфIэкIащ а зэманым, къуажэдэсхэм псы яIэн папщIэ.

Иужьым, къуажэр щыгум къыдэкIри, псынэр къамыгъэсэбэпыж хъуащ, сабийхэми ар джэгупIэ, пхъэнкIий идзыпIэ ящIри апхуэдэу зыкъомрэ екIуэкIащ. «Зыгуэр ихуэнщи унэхъунщ», - жаIэри, къамыгъэсэбэпыж щыхъум, и щхьэр трагъэжыкIащ. Ауэ, мы хъыбарым псом нэхъ гъэщIэгъуэну хэлъыр – псыр къыздыщIэжу къитIыну щIыпIэр Iэлисэхь пщIыхьэпIэу илъэгъуауэ зэрыщытарщ.

ЖэщкIэрэ абы зы лIыжь и жьакIэхэр тхъуауэ пщIыхьэпIэу илъагъуу щытауэ жиIэжырт езым. Мис а пщIыхьэпIэу къыхуэкIуэ лIыжьым къыжриIэурэ кърагъэтIауэ аращ мащэр. Куэдым Iэлисэхь зэIыхьауэ, уеблэмэ делэ дыдэ хъуауэ ягъэхъыбарт, ауэ езыр абыхэм едаIуэртэкъым, я гугъу ищIыртэкъым, зыпэрыхьа Iуэхум зэрыхигъэщIынум яужь итт армыхъумэ. Щэрэ-плIэрэ хыфIидзэжащ абы псынэр къэтIыныр, ауэ пщIыхьэпIэу лIыжьыр илъагъуурт, адэкIэ къитIын хуейуэ къыжриIэрти, и лэжьыгъэм пищэрт.

Псы абы ежэхым и макъыр, уедэIуапэмэ, иджыри зэхыбох. КъищынэмыщIауэ, а псыр Курп Ищхъэрэ (Къаншыуей) къуажэмкIи йожэх иджыри. Зауэ зэманым нэмыцэхэм къуажэм къызэрыдыхьэу ар къахутэу, къагъэсэбэпауэ жаIэж.

Зыгъэхьэзырар **ФЫРЭ Анфисэщ**.

Дунейм и хъугъуэфIыгъуэхэр

Урысейм къыщыгъуэтыгъуейщ ди республикэм хуэдэу шыхэм я щхьэ бжыгъэр щызэфIагъэувэжарэ гулъытэ хэха абыхэм щыхуащIрэ. Ахэр пщIы бжыгъэкIэ яIэщ мэкъумэш предприятэ, уней хозяйствэ къэс. Гъэмахуэ хъупIэхэм Iэщыр щыдашкIэ, шыхэри абыхэм ящIыгъуу бжьыхьэр и кIэм нэсыху хъун бэгъуам хэтщ. Зи гугъу тщIы IуэхущIапIэхэм ахэр сыткIэ къагъэсэбэпрэ жыпIэмэ, абы и жэуапыр къэгъуэтыгъуейщ. Псори зэлъытыжар а псэущхьэ дахэхэр, Iэдэбхэр, ипэкIэ цIыхум лъэныкъуэ куэдкIэ къигъэсэбэпу щытахэр ноби фIыуэ зэралъагъурщ, сыт хуэдэ зыужьыныгъэхэр гъащIэм къыщыхъуами, я къарум хуэмыныкъуэж пэтми, я кIэр яутIыпщыну хуэмейуэ.

ИДЖЫ хуэдэ гъэмахуэ хуабэм ахэр дэнэ къуажи щыплъагъунущ, псы Iуфэхэм, тафэхэм зэбэдзэуэжу итхэу. Псом хуэмыдэу гур хэзыгъахъуэр абыхэм ящIыгъуу шыщIэ цIыкIухэрщ. Ахэр унагъуэхэм зэрахуэ зыкIи къатемыхьэлъэу. Гъэмахуэ псом джабэ нэкIуэхэм щохъуакIуэ, щIымахуэм чэтхэм щIаубыдэж, адрей унагъуэ Iэщхэм хуэдэу. Ди нэхъыжьхэр жыпIэнщи, абыхэм я гукъэкIыжхэм иджыри хэтщ шыIэжьэ зэщIэщIакIэ мэзым пхъашэ щыкIуэу щытахэр, шызакъуэгу байдаркэхэмкIэ губгъуэм ит бригадирхэм къакIухьу щыщытахэр. Шыхэр нобэ зекIуэ машинэфIхэм я пIэм итт, куэдкIи нэхъ сэбэпынагъ къапыкIыу пIэрэт жыпIэну, арщхьэкIэ зэманыр зэманщ - зым и пIэм адрейр къиувэныр мардэ гъэхуауэ къекIуэкIыу икIи нэгум къыщIэгъэхьэгъуейщ цIыхум игъащIэ лъандэрэ къыдэгъуэгурыкIуэ а псэущхьэ телъыджэхэр зэгуэр щымыIэжыныр, къапщтэмэ, цIыхум и хьэлъэр къатезыгъэпсынщIэу къекIуэкIа, нобэ зыщIыпIи щыдмылъагъуж шыдхэм хуэдэу. АтIэ дэнэ япэ дыдэу цIыхумрэ шыхэмрэ щызэрихьэлIар?

Ди хьэблэм дэсщ зы щIалэ - Мыкъуэ Аслъэн. Абы и адэ Будёнэ и гъащIэр егъэджакIуэу ихьащ. АрщхьэкIэ щIалэм къыхихар Iэщымрэ шымрэщ. Iэщыр IэщIэщи, унагъуэр егъэпсэу. Шы зыбжанэ абыхэм яхэту зэрытщIэжрэ егъэхъу икIи иужэгъуу ахэр щиутIыпщыжа къэхъуакъым. Аслъэн пщэдджыжьым жьыуэ щыплъагъунущ Псыгуэнсу псы адрыщIым, Акъсырэ псы ежэх нэхъ цIыкIум и Iуфэхэм, Вындыб мэз лъапэхэм - дэнэ дежи и шы гъэфIэнхэмрэ абыхэм гъэ къэскIэ къащIэхъуэ шыщIэ цIыкIухэмрэ щегъэхъу. Махуэм хуэзэу зыбжанэрэ ахэр здэщыIэ щIыпIэхэм кIуэрэ, ялъыгъуазэу. Сыт щIэбгъэхъур жыпIэу уеупщIын къудейр емыкIуу, абыхэм къалэну яхуищIэм ущIэмыупщIэ. ИтIанэ, шыхэм ятеухуауэ абы имыщIэрэ ар зыщымыгъуазэрэ къэгъуэтыгъуейщ.

Гъэмахуэ хуабэт. Псыхъуэм загъэпскIыу дэс сабий цIыкIухэм гу лъатащ япэмыжыжьэу иIэ уэх тIэкIум деж зы шы мыхъеижу зэрыщылъым. Сабийхэр жэкIэ Аслъэн деж кIуэри къашащ. Ар шым бгъэдыхьэри телъэщIыхьащ, еубзащ, модреими зэуэ и нэхэр къызэтрихри къыхудэплъеящ - шыр хьэсэпэхъумэм ейт. Ар занщIэу къицIыхуащ Аслъэн. ИужькIэ щIалэ цIыкIухэр зыдигъэIэпыкъуурэ адрей джабэмкIэ тригъэгъуалъхьэри зэпиплъыхьащ. КъызэрыщIэкIамкIэ, ар лъэхъур илъу здэкIуэм, уэхым хуэзэри, и лъакъуэм тещIауэ арат. ЩIалэм ар быдэу хуипхащ, псы фIыуэ иригъафэри, хуэмхуэмурэ шым телъэщIыхьым, дэIэпыкъуурэ къызэфIигъэувэжащ. Тхьэмахуэ хуэдэ щыдэкIам а шыр хъуакIуэу Iутт псы Iуфэм, зыри имылэжьам хуэдэу. Апхуэдэу псэущхьэхэм гулъытэ яхуэзыщI къуажэдэс лэжьакIуэжьхэр щыIэху, шыхэри Iэщхэри зыхуей хуэзэу дунейм тетынущ, псоми дэрэжэгъуэ къызыхах къуажэ гъащIэм и теплъэ узэщIар яхъумэу.

- АтIэ дэпщэщ а псэущхьэ телъыджэхэмрэ цIыхумрэ япэу щызэрыгъуэтар? - илъэс мини 5 ипэкIэ, - жаIэ щIэныгъэлI археологхэм.

ЯпэщIыкIэ ахэр я лымрэ я шэмрэ щхьэкIэ зэрахуэу я гугъащ, арщхьэкIэ илъэс мини 4-кIэ узэIэбэкIыжмэ псэуа цIыхум и хьэдэ къупщхьэ къагъуэтам къигъэлъэгъуащ ар зеяр шууейуэ зэрыщытар. Iуэхум и пэжыпIэр къащIэн мурадкIэ апхуэдэ къэхутэныгъэхэр иужькIэ драгъэкIуэкIащ КъуэкIыпIэ Европэм къыщагъуэта, ныбжьышхуэ зиIэ къупщхьэ 217-м. Абыхэм ящыщу 9-м щызэтехуащ, ар шыбгым исарэ имысарэ къэщIэным теухуауэ лъэныкъуиихкIэ ирагъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэм ящыщу плIыр - псоми яIэт, шым куэдрэ тесхэм я куэ, я тхы къупщхьэ зэрытыпIэхэм ягъуэт хабзэ зэхъуэкIыныгъэхэр.

Шууейхэм ящыщу тхур илъэс мини 4100 - 4300 ипэкIэ псэуат, «ямнэ» культурэр къыщыунэхуа зэманым хиубыдэрт. Тхыдэм къызэрыхэщыжымкIэ, а лъэхъэнэ дыдэрщ япэу цIыхум шыхэр зэрихуэн щыщIидзари, япэу абы щышэсари.

Къэхутэныгъэхэр зыдрагъэкIуэкIа къупщхьэхэм ящыщ зыр «ямнэ» щэнхабзэм нэхърэ нэхъыжьыжу къыщIэкIащ, тIур нэхъыщIэт. Абыхэм апхуэдэу къахэкIащ шууейм и къупщхьэхэм ягъуэт зэхъуэкIыныгъэ дыдэхэр иIэрэ и ныбжьыр илъэс мини 5400-м нэблагъэу, арщхьэкIэ ар зы закъуэ фIэкIа зэрымыхъур къалъытэри, шыплIэм исахэм хабжэну тегушхуакъым икIи къытеувыIащ цIыхур шыплIэм зэритIысхьэрэ илъэс мини 4 зэрыхъуам.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Лъы хуэныкъуэхэм папщIэ

Урысей ФСИН-м и управленэу КъБР-м щыIэм хабзэм ебэкъуа цIыхубзхэм тезырыр щагъэзэкIуэж и колоние №4-м и лэжьакIуэхэми даIыгъащ «Лъы тыи, гъащIэр къегъэл» донор Iуэху щхьэпэр.

УГОЛОВНЭ-гъэзэщIакIуэ IэнатIэм и лэжьакIуэхэм лъы ятащ щIыналъэм и медицинэ IуэхущIапIэхэм щызэIэзэхэм папщIэ. ЯпэщIыкIэ езыхэм анализхэр ятри, абыхэм кърикIуахэр наIуэ къэхъуа нэужь хуит ящIащ лъы зыхрагъэшыну.

ИК-4-м и лэжьакIуэхэм жаIащ сыт щыгъуи зэрыхьэзырыр абы хуэныкъуэхэм зыщIагъэкъуэну. Лъы щыхаш республикэ станцым и лэжьакIуэхэми хабзэхъумэ донорхэм фIыщIэ хуащIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэу узыфэ зэхуэмыдэхэр зыпкърытхэм зэрадэIэпыкъуам папщIэ.

БАХЪСЭН Ланэ.

● КъБР-м и прокуратурэм къет

Iуэхур судым нэсащ

КъБР-м и прокуратурэм судым Iэригъэхьащ «Демографие» лъэпкъ проектым хыхьэ «Ди нэхъыжьхэр» къэрал проектыр гъэзэщIэным хухаха бюджет мылъку зэрадыгъуам теухуа, еджапIэхэм я зым и унафэщIым ехьэлIа уголовнэ Iуэхур.

СЛЕДСТВЭМ зэриубзыхуамкIэ, ягъэкъуаншэм 2018 - 2019 гъэхэм щхьэхуещагъэ мурад иIэу, республикэм щыпсэухэр егъэджэным пыщIа Iуэхухэр иригъэкIуэкIа хуэдэу лэжьыгъэмкIэ, цIыхухэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщынымкIэ, социальнэу хъумэнымкIэ район центрхэм дэфтэр нэпцIхэр яIэригъэхьэри, «Демографие» лъэпкъ проектым и «Ди нэхъыжьхэр» къэрал проектыр пхыгъэкIыным хухаха бюджет ахъшэу сом мелуаным щIигъу идыгъуащ.

Iуэхур щызэхагъэкIым ягъэкъуаншэм хэщIыныгъэр ипшыныжакъым, абы къыхэкIыуи, следствэм къыхилъхьэри, абы и счётхэр яубыдащ.

Уголовнэ Iуэхур Налшык къалэ судым Iэрагъэхьащ зэпкърыхауэ хэплъэну.

Къуэды ипшынынущ

Налшык къалэм и прокуратурэр арэзы техъуащ щIыпIэм щыпсэу цIыхубзыр УФ-м и УК-м и 322.3 статьям ипкъ иткIэ зэрагъэкъуаншэр.

Абы мурад ищIащ хамэ къэрал цIыхухэр пцIыуэ учётым игъэувыну. КъБР-м щыIэ МВД-м и УВД-м кIуэри, зыхуеину дэфтэр псори яритащ икIи езыр щыпсэу щIыпIэм нэпцIу щригъэтхыныр зригъэхъулIащ.

Судым абы хуигъэуващ сом мин 50 къуэдыуэ ипшыныну.

ЕтIуанэуи пидзат

Аруан районым и прокуратурэм диIыгъащ щIыпIэм щыпсэур УФ-м и УК-м и 215.3 статьям и 1-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ зэрагъэкъуаншэр.

ЗЭРАУБЗЫХУАМКIЭ, суд зытращIыхьа, и псэупIэр езым газ бжьамийм зэрыпидзам къыхэкIыу административнэ жэуапым ирашэлIауэ щытам, щыпсэу Псынабэ къуажэм аргуэру зыщIыпищIат гъэсыныпхъэр зэрыкIуэм.

Судым абы сом мини 5 къуэдыуэ трилъхьащ.

Сом мини 110-рэ хэщIыныгъэу

Налшык къалэм и прокурорым и къуэдзэ Бетрожь Аслъэн зэпкърыхауэ хэплъащ Налшык УМВД-м и ОП №1-м и следователым къищта, хэтми зэхамыгъэкIам илэжьа щIэпхъаджагъэм ехьэлIа уголовнэ Iуэху къэIэтынымкIэ унафэм.

СЛЕДСТВЭМ къызэрилъытэмкIэ, ямыцIыхум, гъэпцIагъэкIэ нэгъуэщIым и мылъку зыIэрыгъэхьэн мурад иIэу, автомашинэ пкъыгъуэхэр къыIэрыхьэнымкIэ дэIэпыкъуну къигъэгугъащ щIыпIэм щыпсэур. Апхуэдэ щIыкIэкIэ абы сом мини 110-рэ къыIэщIихри, езым зэрыхуейуэ къигъэсэбэпащ.

Зыгъэхьэзырар **УЭРДОКЪУЭ Женящ**.

● Гъуазджэ

Іэдакъэщ1эк1 телъыджэхэм я гъэлъэгъуэныгъэ

Бадзэуэгъуэм и 1-м Налшык дэт Ткаченкэ Андрей и цІэр зезыхьэ Сурэтыщ1 гъуазджэмк1э музейм гъэлъэгъуэныгъэ гъэщІэгъуэн къыщыдзэІуахащ, «Псори хъуэпсапІэм и дежи къыщожьэ» ф1ащауэ. Абы щызэхэухуэнащ Сурэтыщ1хэмрэ декоративно-прикладной гъуазджэм и Іэпщіэлъапщ1эхэм я «Ренессанс» зэгухьэныгъэмрэ Модэмрэ дизайнымк1э «Антураж» театрымрэ хэтхэм я лэжьыгъэхэр.

МУЗЕЙМ и пэшищ щыбольагъу венеция, азиат, фантастикэ гупсысэхэр зи лъабжьэ, жыпхъэ зэмыл1эужьыгуэк1э щІа Іэдакъэщ1эк1эр, ар сурэтуи, Іэпэ1эсхэм яща хьэпшыпІ щы1куи щрет, гуащэ, фэ-илъхьэгъуэ щхъуэк1эплъы-к1э ирехъуи. Дахащэу утыкум кІыхьэ ныбжьыщІэхэм ящыгъ пІэпкъ фащэхэми, ящхьэрыгъ пІыІэ гъэщІэгъуэнхэми, я нэк1ыІулъхьэхэми а зи гугъу тщІахэрщ къаг-ъэлъагъуэр. Модель ныбжьыщІэхэр «Фортекс» къафэ-спорт Іуэхущ1апІэм ек1ыалІэхэращ.

Пшыхьыр езыгъэк1ыэжа, музейм и унафэщІ **Емхен Еленэ** къызэрыхигъэщащи, щІалэхэмрэ хъыджэбзэхэмрэ ящыгъа лъэпкъ бостей-фащэхэр гъэлъэгъуэныгъэр ек1ыэк1ыу музейм щІэтынущ, манекенэхэм ящыгъыу.

Прохладнэ къалэ администрацэм Щэнхабзэмк1э и унэм и унафэщІ **Ненашевэ Татьянэ** къызэхуэсахэр щи-гъэгъэзащ гъэлъэгъуэныгъэм и зэхэтык1эм, ар зыльагъуэрэ я гукъыдэжыр къэІэтыныр я гуращэ нэхъыщІыкІу зэрыщытым. ЦІыху 22-м я лэжьыгъэу 118-рэ къашащ Налшык, къалэдэсхэмрэ абы и хьэщІэхэмрэ ирагъэльагъуэм я гуапэу.

- Куэд щІауэ сыщыгъуазэщ мы зэгухьэныгъэм, Налшыки Прохладни щек1ыэк1 я зы гъэлъэгъуэныгъэ хъэзмыгъанэу сок1уэри, зы махуэм нэхъри адрейм нэхъ зэрызаужьыр си нэгу щІок1, - жиІащ ятІэ псалъэр зрата, КъБР-м и цІыхубз сурэтыщІ **Жылэ Анатолэ**. - Я зэхуэсыгъуэ дэтхэнэри Іуэхугъуэ гъэщІэгъуэнщ, нобэрэйр махуэшхуэ пэлъытэщ, апхуэдизкІэ екІуу, театр щыкІэу ныбжьыщІэхэм къызэІуахащи. Зы щІэщыгъуэ гуэр хамылъхьэу зы зэхуэсэ ящІыркъыми аращ гукъинэж щІэхъур, куэдрэ цІыхуэхэм щІащымыгъупщэр.

КъыкІэлъыкІуэу утыкур хуит хуащІащ УФ-м щІыхь зиІэ и артисткэ, щэнхабзэм и лэжьакІуэхэм я профсоюзым и рескомым и унафэщІ **Дау Марианнэ**. Ар к1эщІу къытеувыІащ лъэхъэнэм и нэхъ гугъум цІыхубзм телъыджэ гугэ къызэригъэщІыем, иджыпсту тІъагъури абы и зы Іыхьэу зэрыщытым. Гъэлъагъэзыныгъэм дгъэ щыщІэк1 хъуэпсэгъуэр зи Іэрыкіэхэм, абыхэм цІыхубзэр щагъэгъуэззэну Іэмал къезыт унафэщІхэм фІыщІэ яхуищІащ. «Дыбэуэну, дыпсэуну, дыхъуэпсэну, пщэдеирей ГъащІэм фІыкІэ дыщыгугъыну дык1ыхьуезыджэ защІэщ нобэ ди пащхьэ кІрахьари, ефІэк1уэну, я Іуэхум екъулІэну си гуапэщ», - жиІащ Марианнэ.

- «Ренессанс» зэгухьэныгъэм хэт сурэтыщІ псоми фІыщІэ яхуэфащэщ емызэшу я кІарку кІихь псори зэращІэм папщІэ. Я Іэ кІыщэпек1ыэк1уэ хъуар зрагъэхъулІэ абыхэм, я лэжьыгъэхэм ущеплък1и я гупсысэр щэщІауэ кІыхьлІащ. Ар зэгухьэныгъэм и унафэщІ **Къаныкъуэ Жаннэ**. - Абыхэм я гуащІэр дэтхэнэ зым и дежк1и щапхъэщи, щы-наІъэ нэхъыбэ я ужь иуэвэфыну си гуапэщ.

«Антраж»-м и унафэщІ **Матвиенкэ Наталье** жиІащ и театрымрэ «Ренессанс»-рэ зэщІэжьыуэу зэрызэдэлажьэр. «Зэрыфлъагъущи, Венеце карнавалым сурэтхэм я мызакъуэу щы-гъынхэри кІыхьзщІедгъэ-быдэну мурад тщІащ, - жиІащ абы. – «Антраж»-м и «Венеце карнавалым» и ныбжьыр ильэсищІым щІигъащ, ди хьэпшыпхэр пхъуантэхэм дэлъащ иджыри къэс. Иджы къыдэтхащ цІыхухэм едгъэлъагъуэмэ ди гуапэу. Сыт щхьэк1э жьпІэмэ, ахэр дахэ дыдэщ ик1и венеце, азиат сурэтхэм я гъусэу гъэщІэгъуэнныщащ».

«Ренессанс» зэгухьэныгъэмрэ модэмрэ дизайнымк1э «Антураж» театрымрэ я лэжьыгъэхэр зыфІэгъэщІэгъуэнхэр фепІэщІэк1, гъэлъэгъуэныгъэр бадзэуэгъуэм и 11-м зэхуэщІыжынущ.

ИСТЭПАН Залинэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Нэхъ лъэщхэращ бэнэныгъэм пызыщэр

Германием и къалэ зыбжанэм щек1ыэк1 футболымк1э Европэм и зи чэзу чемпионатым и к1эух Іыхьэр еух. Къэнэжа джэгугъуищым щызэхэк1ынущ хэт сыт хуэдэ медалыр и Іэрыльхъэ хъунуми.

КУЭДЫМ я жагъуэ зэрыхъуащи, мы зэхьэзэхуэм ягъэк1уакъым Урысей Федерацэм и командэ кІыхьхар. Щхьэусыгъуэр - Украинэм щек1ыэк1 дзэ Іэху щхьэхэращ. Дэ кІыхтхэнэжар адрейхэр зэрызэпэщІэтыр пЪнык1ыэк1э дык1ыщыту дык1эльъэплъыну араща.

Къэрал 24-м зи тоджэгу нэхъ Іэзэхэр здагъэк1уа Европэм и чемпионатым и к1эух Іыхьэм щиухынур бадзэуэгъуэм и 14-ращ. А махуэм щыІэну финал зэІуІэм щызэхэк1ынущ Европэм футболымк1э и чемпионыщІэ хэт хъунуми. Иужьу ар зыІэщІэлъэ Италием и командэ кІыхэхам финалым и 1/8-нэ Іыхьэм Швейцариемрэ абы и тажьр щыщхьэщихащ, 2:0-у хигъащІэри.

Чемпионыгъэм щІэбэныгъэм яхэтхьэм зэхьэзэхуэм и к1эух зэпеуэр щек1ыэк1 Германием и командэ кІыхэхэри. Финалым и 1/4-нэ Іыхьэм нэмыщІэхэм эфІэк1ащ Испаниер. Абы щыгъуэми джэгум хухаха зэманыр яхуримык1уу, кІыщІагъури ахэр иджыри сыхьэт ныкъуэк1э зэныкъуэкъуащ. Ар щиух дыдэм дгъэк1а топым испанхэр финал ныкъуэм игъэк1ыащ. Куэдым а зэпэщІэтыныгъэр финалым хуэфащуэ къалъытащ.

Испанэм ныщхьэбэ я хьэрхуэрэгъуу щытынущ франджыхэр. Ахэри финал ныкъуэм нэсын папщІэ гугъу ехьащ ик1и Роналду Криштиану зи пашэ португалхэм зэрефІык1ыфар зэІуІэм иужьк1э метр пщы1кІуэм и деж щыту пенальти тхуэрытхуэ еуа иужьк1эщ.

Адрей пэнык1ыуэмк1э финал ныкъуэм пщэдей пщы-хьэщхьэ щызэхуэзэнущ Нидерландэмрэ Инджылыз-зымрэ. Ахэри зи къарур зы-хуэфащэ гуп Іэущхьэ. Абы щыгъуэми Нидерландэр адэк1э к1уэтащ тыркуэм я гъуэм дагъэкІыжа топым и фІыгъэк1э. Инджылызхэр Швейцарием и командэ зэкъуэтым зэрефІек1ыфар зэІуІэ нэужь пенальтихэм-к1эщ.

Зэрыпэрылъагъущи, гупхэр финал ныкъуэм хуэзыша гъуэгур икъук1э нашэкъашэт. К1эух зэІуІэм ейр нэхъ хьэлъэж зэрыхъунум шэч хэлъхьэм. Абы хущІэкъуэ Испаниери, Франджыри, Инджылызри, Нидерландэри иджыпсту Европэм щынэхъ лъэщ дыдэхэм ящыщщ ик1и я зэпэщІэтныгъэр удэзыхьэ-хьу ик1и гуащІэу зэрыщытынур гурыІуэгъуэщ.

МЭЗКУУ Къан.

Ябэ къек1уэк1ыгъуэм дыщыкурытщ

Сурэтыр **УЭЛДЖЫР Артур** *трихащ.*

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Астрахань» (Астрахань) - 2:2 (1:0). Налшык. «Спартак» стадион. Бадзэуэгъуэм и 6-м. ЦІыхуи 100 епльащ.

Судьяхэр: Довбня (Симферополь), Багдасаров, Кокаев (тІури Владикавказ щыщщ).

«Спартак-Налшык»: Къумыкъу, Лелюкаев, Къардэн, Далиев, К1эдыкІуей, Блий, Жангуразов (Малэмусэ, 77), ХьэцІыкІу, Хьэшыр, Тобоев, ЛІуп (Гъэзгуэкъуэ, 61).

«Астрахань»: Едапин, Владимиров, Дударев (Карпов, 28), Седов (Самуэль, 74), Злобин, Илик, Аттибайевэ, Пацев, Белов (Галимов, 28), Полушин, Плужников (Пенчелюзов, 7; Пачо, 81).

Топхэр дагъэк1ащ: ЛІупым, 19 (1:0). Пацевым, 50 (1:1). Пачо, 81 (1:2), Тобоевым, 90+4 (2:2).

Дагъуэ къыхуащІащ: ХьэцІыкІуэм, Галимовым, Илик, Блийм, Атти-Байебэ, Карповым.

Джэгум къыхахуащ: Атти-Бейбэ, 90+1 дакъикъэм.

ЩЭБЭТ кІуам Налшык и «Спартак» стадионым щек1ыэк1а зэІуІэщІэмк1э ди командэм къиухащ мыгъэрей зэхьэзэхэм и ятІэ къек1уэк1ыгъуэр. Мыбы ипэ къита джэгуГъуэми худэу, налшыкдэсхэм хьэрхуэрэгъу къахэхъуат гупым щыпашэхэм ящыщ зыр - «Астрахань» командэр.

Дон Іус Ростов щыІэу 1:2-уэ къыхагъэщІами, зэхьэзэхуэм Іэкъэшъуэ щызыІыгъым хуэфэщэну, уеблэмэ, нэхъыбэм ефІэк1ыу, зэрыдджэгуам «Спартак-Налшыкым» и лъэр жан ищІат. Ар хуейт мы хуабэ вэрэкъэрым къыдэщІыну къэк1уа мащІэри зыгъэркІэ игъэгуфІэну.

Джэгум зэрыщІидзэу хэгъэрейхэр ипэкІэ к1уэтащ. Зыр адрейм къыхІэтыкІыжу абыхэм хьэщІэкэр ягъэгужьейт ик1и Астрахань къи-к1ахэм къаруушхуэ ирахьэлІэн хуэй хъурт я гъуэр яхъумэфын папщІэ. Ар щыхьэк1э абыхэм ар куэдрэ къайхъулІакъым. Пэжщ, епщык1уиянэ дакъикъэм «Астрахань»-м бжьыгъэр къыщІэлъыкІуэм зы мащІэщ ик1эжар. Иужь зэманым хэлъ зэ зэрыхъуауэ, ди гъуащхьэтет Къумыкъу Аслъэнбэч налшыкдэсхэр къригъэлащ. Абы нап1эзэпІэу къыкІэлъыкІуащ хэгъэрейхэм я ебгъэрыкІуэныгъэ лъэщ. ЛІупИслъам топыр къызэрыІэрыхьэу зричащ ик1и, щыщІэхэм я гъуащхьэхъумИ1 къызэрыкІыпхъэращ щыщІэхэм я къэмынэу, псоми я1эщІэк1ри, «Спартак-Налшыкыр» ятІэ иригъэщащ.

КъыкІэлъыкІуа дакъикъэри ди щІалэхэм я тепщэныгъэк1э екІуэк1ащ. Арщхьэк1э нэрылъагъут зэхьэзэхуэм щыпашэхэм ящыщ зыр бжьыгъэмк1э зэрымыарэзыр.

Командэхэм загъэпсэхури къызэрихьэжрэ куэд щІатэкъым, налшыкдэсхэм я гуащхьэхъумэхэр «щы-к1уэцІрыхуам». ЗэщІыгуГъыжри, абыхэм Пацевыр я1эщІэкІащ ик1и я закъуэу ди гъуэм къыбгъэдыхьэри, бжьыгъэр зэхуэдэ ирагъэщІащ.

Аргуэрыжьти, нап1эзыпІэм «Спартак-Налшыкым» зричащ. ЛІупИслъам псынщІэу Іэмал гъэзэджэ къыхухъуэк1ащ. Мыбдежьым налшыкдэсхэм ерыщагъ къищІат. Дыпэплъэщ къыкІэлъыкІуэну зэІущІэхэм.

Нэхъ щІагъуэу джэгуаким ди къуэш республикэхэм я адрей командэхэри. Илъэс куэд щІауэ зэбрагъуТпІыпщІыжьауэ мы гъэм профессиональнэ мыхьэнэ япэу зыгъуэтыжа Черкесск и «Нартым» иджыри тк1ишІуу тумык1ыуэзэфынуми, Мейк1уаупэ и «Дружба»-м нэхъ жьыдэру зыкъигъэлъэгъуаупхъэт. Ахэр здэщыт епщык1ыГъанэ, епщык1ыГъуанэ уВыпІэкІэр гукъыдэжь лъэпкъ къэзымытщ. Жагъуэщ зэхьэзэхуэм и иужь дыдэ увыпІэм щыт Мэхъэч-къалэ и «Динамо-2» и тек1уэныгъэ закъуэр Черкесск щы1эу щэбэт к1уам къызэрыщихьари.

Зэхьэзэхуэм зэкІэ бжьыпэр щиІыгъ «Ростов-2»-м. Арщхьэк1э иужь джэгуГъуэм Мэхъэчкъалэ щы1эу абы и «Легион»-м къызэрыхигъэщІам нап1уэ пщещІ ар ныкъуэкъуэгъу лъэщ къызэрыхэхъуныр. Абы щыгъуэми яфІэк1уэда очко бжьыгъэм тепщІыхьмэ, зи Іэхуэхэр нэхъыфІыр Таганрог и «Форте»-рэ щэбэт к1уам къытек1уатэмэ, бжьыпэр зыубыдыфыну щыта «Астрахань»-мрэщ. Араща, турнир таблицэм ищхьэм бэнэныгъэ гуащІэ зэрыщек1ыэжынум дыпэплъэ хъунущ.

Адэк1э щыгъуаэз фыкъудощІ Урысей Федерацэм футболымк1э и ет1уанэ лигэм и «Б» дивизионым и Ябэ гупым а махуэм щек1уэк1а адрей зэІущІэхэм къарик1уа бжьыгъэхэм: **«Алания-2»** (Владикавказ) - **«Рубин»** (Ялтэ) - **1:0**, **«Ангушт»** (Нэзрэн) - **«Строитель»** (Каменск-Шахтинский) - **0:2**, **«Кубань-Холдинг»** (Павловская) - **«Биолог-Новокубанск»** (Прогресс) - **3:0**, **«Нарт»** (Черкесск) - **«Динамо-2»** (Мэхъэчкъалэ) - **0:2**, **«Севастополь»** (Севастополь) - **«Динамо-Ставрополь»** (Ставрополь) - **0:0**, **«Легион»** (Мэхъэчкъалэ) - **«Ростов-2»** (Дон Іус Ростов) - **1:0**.

«Дружба» (Мейк1уаупэ) - «Форте» (Таганрог) зэІущІэр нэхъ иужьыІуэк1э зэхэтынущ.

Зэхьэзэхуэм и ет1уанэ къек1уэк1ыгъуэм щыщІидзэнур бадзэуэгъуэм и 27-ращ. А махуэм «Спартак-Налшыкыр» Ставрополь къалэм абы и «Динамо»-м щы1ущІэнущ. АпщІондэхуэк1э командэхэм Іэмал ІэнущІ мащІэу загъэпсэхуу зэпеуэм и к1эух Іыхьэм хуэфащэну зыхуагъэхьэзырыну.

ХЬЭТАУИслъам.

Урысей Федерацэм футболымк1э и ет1уанэ лигэм и «Б» дивизионым и Ябэ гупым зэхьэзэхуэр зэрыщек1уэк1ыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1. «Ростов-2»	**16**	**10**	**2**	**4**	**37-17**	**32**
2. «Легион»	16	9	3	4	26-10	30
3. «Форте»	15	9	3	3	26-14	30
4. «Астрахань»	15	9	3	3	21-12	30
5. «Динамо-Ставрополь»	16	7	6	3	23-16	27
6. «Севастополь»	15	7	5	3	19-9	26
7. «Рубин»	16	8	2	6	18-15	26
8. «Строитель»	16	7	4	5	21-19	25
9. «Ангушт»	16	5	7	4	15-12	22
10. «Спартак-Налшык»	**16**	**5**	**5**	**6**	**24-21**	**20**
11. «Кубань Холдинг»	16	5	4	7	17-20	19
12. «Нарт»	16	5	4	7	16-26	19
13. «Биолог-Новокубанск»	16	5	3	8	21-26	18
14. «Победа»	16	3	6	7	19-25	15
15. «Дружба»	15	4	2	9	16-23	14
16. «Алания-2»	16	3	3	10	14-40	12
17. «Динамо-2»	**16**	**1**	**2**	**13**	**10-38**	**5**

● Ди псэлъэгъуэр

Дахагъэм и пщалъэ

ЦІыхуи и тепльэм сытым дежи мыхьэнэшхуэ ирет. Абы хохьэ щхьэцым к1эльыпльынри. Ди зэманым щхьэщІэщІапІэм емык1уалІэ цІыху куэд урихьэлІэну къыщІэк1ынкъым. А Іуэхущ1апІэхэр къалэхэми яуажэхэми куэду къыщызэІуах, щІэупщІи я1эщ. Абыхэм щылажь, зи Іэщ1агъэм фІыуэ хэзыщІыкІэм я деж цІыху куэд йок1уалІэ.

Апхуэдэщ «Donna Bella» салоным щылажь стилист-колорист Дол (Щхьэщэмыщ1) Заремэ. Ар Хьэтуей къуажэм къыщалъхуащ, курыт аджанІэри абы къыщиухащ. Иджыпсту Налшык къалэм щопсэу, щхьэгъусэрэ бынитІри и1эщ. Заремэ анэ насыпыфІэщ, анэшхуэ гумащІэщ. Ипхъу Инн1э КъБК1эУ-м и пресс-Іуэхущ1апІэм щолажь, унагъуэщ хъыджэбзит1 и1эщ. И къуэ Инал Адлер къалэм дэт университетыр юристу къиухащ. Иджыпсту МВД-м щылэжьэн щи-дзащ.

Заремэ и лэжьыгъэм теухуауэ упщІэ зыбжанэк1э зыхуэдгъэзащ.

- Сэ зэрысщІэмк1э, щхьэцыр пыбупщыным и заказыкъым уи лэжьыгъэр, ат1э колорист Іэщ1агъэмхи (щхьэцым плъыфэ етыным) щхьэхуэзу ухуеджащ. Дэнэ абы зыщыгъбэсар?

- Курыт еджапІэр къэзуха ныжь, сэ сызыхуеджар дзрбзэр Іэщ1агъэрщ. «Горный» Іуэхущ1апІэм илъэс т1ощ1к1э сыщ1ынэжащ. Си лэжьыгъэр фІы дыдэу слъагъурт, ауэ си нэм зэран хуэхъурти, схъуэжьи хуей хъущ си Іэщ1агъэр.

ЛэныстэкІэ сылэжьэн сфІэфІт, сыхуемыджами, щхьэцыр тэмэму пызупщІу жаІэрт. Си нысэм сытригъэгушхуэри, а Іэщ1агъэм сыхуеджажауэ щытащ. Ик1и зы дакъик1уи сыхущІегъуэжак1ым щІэуэ к1ыхьэсха лэжьыгъэм.

Налшык къалэм Лениным и цІэр зэрихьэу щыІэ уэрамым тету щытта «Салон Красоты»-м щылажьа технологэ, Санкт-Петербург а Іэщ1агъэр щы1эзэщІэгъуэта Вэрокъуэ Татьянэ и деж сыщеджащ. ФІыуэ сигъэсащ, сригъэджащ, къызэригъэІуащ. Псом хуэмыдэу щхьэцыр лэным теухуауэ куэд сигъэщІащ, фІыщІи хуэсщІну сыхуеІащ. Абы иужьк1э ильэс пщы1кІуэ хъуауэ мы Іэщ1агъэм сыпэрытащ.

Дэрбзэр Іэщ1агъэри сфІэфІу къызэхэри сриІэжьащ. Ещхьыркъабзэу, щхьэцыр пыупщІыри лэнри сфІэфІ дыдэщ.

- ЦІыху къэс сыт хуэдэ Іуэхуми бгъэдыхьэк1э зыриз хуи1эщ и1ки ек1уну прическэр къыхуэпхьфу, щхьэцыр блэными чэнджэщ тэмэм ептыфу ущытын хуейщ.

- Пэжщ. Сыт щхьэк1э жьпІэмэ, цІыху псори зэхуэдэкъым, я щхьэфэк1э, я щхьэщ зэхэпльык1эк1э зэщхьэщок1. Хэт и щхьэщыр пІащІэщ, хэт ейр Іувщ, зэрыжаІэу, щхьэцыпІэ зырызу уеплъын, къэпцІыхун хуейщ, епщІэнур къыбгурыІуэн щхьэкІэ. Абы нэмыщІ, езы щхьэцыр ек1ынри, зэрыхуэблэну пльыфэри къыхебгъэхьынымк1э чэнджэщэгъу уху-хъунри си къалэну къызольытэ.

- Щхьэщыр пыупщІынымрэ, ар тэмэму зэщІэжьэуэным нэмыщІ, уи лэжьыгъэм и зы Іыхьэщ щхьэщыр я1эныр. Абы теухуауэ сыт къыджеІэн?

- Куэдрэ урохьэлІэ си щхьэщыр зэрисащ, ауэ ятІэ хъуащ жаІэу. Иджыпсту Іуэхущ щыІэщ щхьэщыр тэмэму къызэтенэн папщІэ. Уеблэмэ щхьэщыр сырыкуу щыпщІым и деж а Іэмалхэр сэбэн мэхъу. УрохьэлІэ цІыхум и щхьэщым и пльыфэр ихьэжьыну е тхъуаэжэ щІригъэхъумэну хуейуэ, ауэ Іисрафэ къынк1э шынэу. Абыхэм я зы щхьэщ Іэрамэ къыхэмыщу яхуэолІэ, зэран зэрымыхъур ялъагъун хуэдэу ик1и иужьк1э тогушхуэ, я щхьэщыр тэмэм зэрызэпуар ялъагъури къытрагъэзэж.

- Уэ цІыхуншэ хъуркъым. Уи дежи къек1уалІэ апхуэдизым дауэ укъагъэзэрэ? Интернет Іэмалхэр къэбгъэсэбэпрэ?

- Интернетыр къзэгъэсэбэпырк1ыам ик1и напэк1уэцІ сиІэкъым. ЦІыху ка-к1уэм хуэпщІыр ягу ирихьмэ, къытригъэзэнущ, нэгъуэщІхэми жраІэнущ. Лэжьыгъэм пфІэфІу урилажьэмэ, цІыкІуми инми уи гур етауэ уегугъуу я щхьэщІыр зэрыхуейм хуэдэу яхуэпщІыфмэ, зэи цІыхуншэ хъунукъым. Сызыдэлажьэр цІыхубзхэм я закъуэкъым, цІыхухъуэхэри сабийхэри къок1уэ.

Жэщым сыгъуэлъыжа ныжь, махуэм сщІа лэжьыгъэр къызэпщІытэж, зызэгъэзэхуэж, зы щІыпІэ деж щыуатэ щысщІауэ пІэрэ, нэхъыфІу схуэщІыну пІэрэт жысІэж.

- Уи Іэщ1агъэмк1э щІалэгъуалэм уадэгуашэрэ, бгъасэрэ?

- Апхуэдэ мурад яІэу къысхуек1уэлІа-хэр щы1эщ. Ауэ колористикэр гъэсэнхэм къохьэлъэк1, куэд зэрыпыщІам къыхэк1ыу. ЦІыхум и щхьэщыр тэмэму хуэблэфын папщІэ, лэным и зэхэлъык1эм и мызакъуэу, Іэщ1агъэм кууэ хэпщІыкІын хуейщ. Щхьэщыр паупщІрэ тэмэму, ек1уу зэщІакъуэу зрагъасэмэ, нэхъыбэ хуэмей къафІощ.

- Щхьэщыр хъума хуэн папщІэ, сыт хуэдэ чэнджэщептын щІыхуэхэм? Куэд мэтхъэсуэхэ ди щхьэщыр йок1 жаІэри.

- Апхуэдэ куэд къытхуок1уэ. Ди щхьэщыр йок1, сыт епщІэ хъунур жаІэри. Ар къыщІикІым и щхьэусыгъуэр езы щІыхум и уэзыншагъэм ельытащ. Абы анализ иту, витамин хуримыкъуэхэр къищІэн хуейщ. Ахэр зрихьэлІэу щІидзэмэ, и щхьэщым къик1ын щигъэтынущ. Апхуэдэ чэнджэщхэр естауэ къытригъэззэжу фІыщІэ къызэщІахэри щы1эщ.

Абы нэмыщІ, ди щхьэщыр зэрытхущІ шампунхэми гулъытэ хуэщІын хуейщ, зэрызэмыщыхьм къыхэкІыу. Щхьэщ лам папщІэ щы1э шампунхэмк1э махуэ къэс пхущІ хъунукъым. АбыкІэ щахуэщІыр щхьэщыр щала къудейм и дежщ. Абы щхьэфэр егъэгъуІ, щхьэщыр зэпегъэпльэ, зэк1эщІэпІиву, къыпхуэу къеГъанэ. Гъэмахуэм къэвгъэсэбэпын хуейр щхьэфэр зымыгъэгъущ, «псыІэ зыщІ» шампунщ, сыт щхьэк1э жьпІэмэ, дыгъэ къыттепсэм щхьэщыр зэпегъэщэщ, Щ1ымахуэм «витаминхэмк1э зыгъэнщІ» жыхуиІэр нэхъыфІщ.

- Технологиещ1эхэр къыхахльэ, модэм щІэх-щІэхыуэрэ зехьуэж. Зэманым укъыкІэрымыхун папщІэ, сыт хуэдэ Іуэхугъуэхэр ебгъэкІуэкІрэ?

- Махуэ къэс щІэ гуэрхэр къожьэ. Дэрбзэри ирехъу, парикмахери ирехъу - щІэуэ къежьэ Іэмалыщ1эхэм ук1эльыпльын хуейц. «Модэ» журналым сыштем дежи соплъ, куэди къызоджьк1. Щ1эхщ1эхыуэрэ семинархэм сок1уэ. Абыхэм щытопсэльыхь щхьэщыр лэным щІэуэ к1ыхьхьэхэм, зэманым ек1у прическэхэр зэрыщІынум. Сэ гулъытэ хэха хуэощІ колористикэм. Санкт-Петербург, Москва, Краснодар къалэхэм, нэгъуэщІ къэралхэми къик1ыурэ щхьэщыр лэным теухуауэ семинар ирагъэк1ыжыну къытхуеблагъэ технологэм я деж сок1уэ. КъищІынэмыщІауэ, интернетыр сэбэп къыслухуэну щхьэщыр пыупщІынымк1э щІэуэ къежьэхэм щыгъуазэ зыхуэсщІыну.

Епсэлъар **БИЦУ Жаннэщ.**

Іэдакъэщ1эк1 телъыджэхэм я гъэлъэгъуэныгъэ

● Футбол

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитынныгъэр хъумэнымк1э Къэбэрдей-Балъкъэр щІынальэ Іуэхущ1апІэм ятхащ

ПИ № ТУ07-00117-м щІэту.

Къыдэзыгъэк1эхэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.389
Заказыр №1440

12+

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖьэкІэмыхъу Маринэ *(унафэщІ-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщІ-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ**, **Къумахуэ Аслъэн**, **Нэщ1эпыджэ Замирэ**, **Чэрим Марианнэ**, **Щхьэщэмыщ1 Изэ**.

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщІ-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмк1э, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмк1э - 42-22-86; къуажэ Іэщ1эмрэ экономикэмк1э - 42-57-59; щэнхабзэмк1э - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмк1э - 40-15-31; хъыбарыщІэхэмрэ спортымк1э - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ І1энатІэхэм ядэлажьэнымк1э - 42-60-53; зэдзэк1ак1уэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер І1энатІэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщалэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымк1э ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъык1эр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщІэныгъэхэмк1э и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКІЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Дыщэкі Соня**, *корректорхэу* **Пхытіыкі Марие** *(1, 3-нэ нап.)*, **Елмэс Фатіимэ** *(2, 4-нэ нап.)*.

Компьютеркіэ газетым и теплъэр ящІащ **Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ**.

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтІыгу къалэ, Никольскэ зэрыщ, 5-А

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдок1.